



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE KALANDRIYE 2018: REYALIZE PWOMÈS  
GOUVÈNMAN PWOGRESIS LAN**

***Nan 8èm Diskou Eta Leta a, Gouvènè Cuomo Ap Fè Vanse Kalandriye Ki Ap Rive  
Lwen pou Ajoute sou Sèt Ane Politik Pwogresis***

***Pandan ke Daso Federal Washington lan Ap Kontinye, Empire State Pral Pran  
Devan - Ranfòse Politik Sosyal Ak Ekonomik Ki Enpòtan Anpil yo epi  
Sèvi kòm yon Flanbo Pwogrè, Inite ak Jistis pou Nasyon an***

***Plan Ki Se Premye nan Nasyon an pou Konbat Daso Enpo Federal la; Kalandriye  
Fanm yo Ki Gen Divès Branch; Refòm Sistèm Jistis Kriminèl Ki Pi Pwogresis nan  
Nasyon an; Pi Gwo Pwoteksyon pou Asire Entegrite Eleksyon New York yo;  
Pwogram Kont Teworis Ki Ap Mennen nan Nasyon an***

***Kalandriye Gouvènè a Ap Kontinye Ak Disiplin Fiskal Rekò a Pandan Ke L'ap Fè  
Investisman Enpòtan nan Enfrastrikti 21èm Syèk, Fè Vanse Kreyasyon Travay  
ak Inovasyon, Atake Sitiyasyon Sanzabri, Elaji Aksè a Edikasyon Siperyè  
ak Konbat Chanjman Klimatik yo***

**PDF Liv Eta Leta 2018 Ofisyèl lan Disponib [La a](#)**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te fè Diskou Eta Leta 2018 li an nan Empire State Plaza Convention Center ki nan Albany. Kalandriye 2018 Gouvènè a ki ap rive lwen an ap akonpli pwomès gouvènman pwogresis lan nan fè vanse yon seri politik sosyal ak ekonomik ki enpòtan anpil pou amelyore lavi moun New York yo. Kalandriye enteresan an gen ladan yon pake refòm lejislatif konplè, investisman ki djanm ak aksyon ki vize yo - soti nan yon kalandriye global dwa fanm yo pou rive nan yon plan ki se premye nan nasyon an pou konbat daso enpo federal sou nasyon an - dirije refòm sistèm jistis kriminèl yo - ki pral ogmante opòtinite pou moun New York yo epi asire ke Empire State kontinye sèvi kòm yon flanbo egalite, inite ak jistis pou nasyon an.

Pwopozisyon revolisyonè sa yo ap ajoute sou sèt ane ak gwo pwogrè yo sou Gouvènè Cuomo - adopte yon salè minimòm 15 dola, ansèyman gratis nan inivèsite, egalite maryaj, konje familyal ki peye, sekirite pou zam, enfrastrikti, ak refòm sistèm jistis

kriminèl revolisyonè yo, tout sa pandan y'ap bese enpo yo pou klas mwayèn lan, limite enpo lokatif yo epi kenbe ogmantasyon depans yo nan pi ba nivo yo pandan plizyè jenerasyon. Fas a yon daso federal ki konsète ki soti Washington, New York pral kontinye pran devan an 2018, favorize valè pataje nou yo nan opòtinite, egalite, jistis, ak lespwa, epi pwouve konpetans gouvènman pwogresis nou an.

**Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare,** “New York kwè ke pa genyen avni ki konstwi sou divizyon - men sèlman atravè inite. Metòd New York se ke yo atann tolerans de tout moun, enklizyon se prensip operasyon nou, epi fòje kominote an se objektif iltim lan. Pandan twò lontan nan peyi sa, gouvènman an te pwomèt twòp bagay epi bay twò piti. Administrasyon sa konprann ke gouvènman efikas bezwen konfyans sitwayen yo ak konpetans jesyon. Pou yon pi bon sosyete, lidè gouvènman yo dwe se moun ki ap reve epi pwodwi; vizyonè ak reyalizatè. Nou ap fè fas a defi san presedan kont dwa fanm yo, kominote imigran nou an, anviwònman an ak ekonomi nou an. New York inebranlab. Nou pral kontinye dirije nasyon an nan batay pou pwoteje epi fè vanse dwa tout fanm yo, sa ki ap asire entegrite eleksyon nou yo, sovgade resous natirèl New York yo, kreye travay pou demen, konbat daso federal la sou kòd enpo nou an, epi fè refòm sistèm jistis kriminèl nou an pou ke richès pa dikte rezilta yo.”

Gran pwèn yo nan Kalandriye 2018 Gouvènè an gen ladan sa nou pral di la yo:

- Kenbe New York Konpetitif sou Plan Ekonomik
- Konfime Pwomès New York lan
- Elaji Opòtinite Edikatif pou Tout Moun
- Kontinye ak Opòtinite Ekonomik ak Kwasans sou NY Works
- Bay yon New York ki pi Pwòp, pi Ekolojik epi pi an Sante: Kalandriye Byennèt lan
- Dirije Batay Kont Chanjman Klimatik yo
- Fè Vanse Kalandriye Demokrasi a
- Konstwi yon New York ki Pi Djanm, Pi Sekirize

*Liv Politik 2018 Gouvènè an disponip [la a](#).*

## **KENBE NEW YORK KONPETITIF SOU PLAN EKONOMIK**

Depi premye jou an, Gouvènè Cuomo te batay pou redwi enpo yo pou moun New York yo. Jodi a tout moun New York peye yon pi piti nivo enpo nan eta a ke lè Gouvènè Cuomo te rantre an fonksyon, epi Gouvènè an te garanti pi ba nivo enpo pou klas mwayèn lan depi 1947, pi ba nivo enpo kòporatif depi 1968 ak pi ba nivo enpo pou fabrikan yo depi 1917. Pandan ke Washington kite klas mwayèn nou an dèyè, New York pral kontinye batay pou fanmi ki ap travay di yo.

- **Konbat Daso Enpo Federal lan nan New York:** Lwa sou enpo federal ki te adopte resamman an se yon daso sou New York. Nan eskive dediktibilite enpo lokal ak eta yo, lwa a ap efektifman ogmante enpo sou revni eta ak lokatif fanmi klas mwayèn yo de 20 a 25 pousan, epi afebli yon fondasyon ki enpòtan pou finans gouvènman lokal ak federal yo nan Eta New York ak atravè nasyon an. New York se deja pi gwo “eta donatè” nan nasyon an — kontribiye nan plis pase 48 milya dola chak ane nan

gouvènman federal la ke sa yo retounen bay li — epi sou nouvell lwa a, Eta a pral peye yon 14 milya dola adisyonèl pa ane. Gouvènè Cuomo kwè ke nou dwe pran mezi drastik pou prezève ekonomi eta nou an. Li ap pwopoze yon estrateji ki gen divès pati pou konbat daso sa sou New York. An premye, nou pral defye aplikasyon enpo doub federal san presedan sa nan tribinal pliske li enkonstitisyonèl, paske li vyole dwa eta yo ak prensip pwoteksyon egal yo. An dezyèm, nou pral dirije rezistans nasyon an kont nouvell lwa a, lanse yon efò pou revoke li epi ranplase li: Kanpay “Jistis Enpo pou Tout Moun” (Tax Fairness for All). An twazyèm, nou pral pran mezi pou pwoteje ekonomi eta a apati eksplorasyon fezabilite yon chanjman majè nan politik enpo, epi n’ap devlope yon plan pou restriktire sistèm enpo sosyal ak revni aktyèl lan, menm jan ak kreye nouvell opòtinite pou kontribisyon charitab yo pou sipòte pwogram piblik yo. Pandan ke n’ap lanse entèvansyon masif ak konplike sa, nou pral angaje ekspè nan enpo yo, patwon, ansanm ak lòt pati prenan yo nan yon pwosesis minisyè epi kolaboratif pou pwodwi yon pwopozisyon ki ap pwomouvwa jistis pou kontribiyab New York yo, epi sovgade konpetitivite ekonomi New York lan.

- **Abòde Echapatwa Enterè yo Pòte a:** Malgre pwomès yo okontrè, gouvènman federal la te kite an plas sa yo rele echapatwa “Enterè yo Pòte a”. Apati itilizasyon yon apwòch nan divès eta, Gouvènè Cuomo pral abòde kado Wall Street sa.
- **Rediksyon Taks sou yon Planchè Rekò pou Nouyòkè Klas Mwayèn yo:** Bidjè a kontinye bese to Taks sou Revni Pèsonèl yo pou Nouyòkè klas mwayèn lan yo. Avèk rediksyon taks pou klas mwayèn lan an 2012 la, yo te bese to yo soti 6.85 pou vin 6.45 pousan pou kontribiyab ki touche ant 40,000 dola - 150,000 dola tranch revni ak a 6.65 pousan pou tranch revni ki ant 150,000 dola - 300,000 dola. Sou nouvell refòm sa yo, nivo a pral bese menm pi plis ane sa, a 6.33 pousan ak 6.57 pousan respektivman. Yo pral kontinye bese nèt rive nan 5.5 pousan ak 6 pousan, respektivman, lè rediksyon yo fin rantre an vigè totalman apati 2025. Moun New York mwayen an pral ekonomize 250 dola nan enpo an 2018, ak 698 dola lè li fin rantre an vigè totalman. Nouvo nivo enpo ki pi ba sa yo pral fè moun New York yo ekonomize prèske 6.6 milya dola nan sèlman kat premye ane yo, epi yo prevwa ke ekonomi anyèl yo pral atenn 4.2 milya dola epi benefisyè a 6 milyon aplikan apati 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to taks pou klas mwayèn lan ki pi ba nan plis pase 70 ane.
- **Fè panèl sèvis an komen eta a vin pèmanan pou kontinye aleje fado enpo lokatif lokal yo:** Gouvènè Cuomo te pran yon angajman istorik nan redwi enpo lokatif lokal yo pou plizyè milyon moun New York. Eta New York pral ajoute sou pwogrè istorik ki te reyalize nan franchi pwochèt etap annavan an pou bay gouvènman lokal yo nouvell zouti pou kapab retounen mete lajan nan pòch fanmi klas mwayèn yo. Eta a pral bay 225 milyon dola nan bidjè Ane Fiskal 2019 lan pou reponn a angajman ki koresponn pou Inisyativ Sèvis Pataje Elaji Konte an, epi Gouvènè an pral travay pou fè panèl sèvis pataje ki elaji nan konte an reyisi nan eta a vin pèmanan nan objektif pou kapab enstitisyonnalize inisyativ ekonomi yo. Gouvènè a ap pwopoze ke finansman eta a pou asistans pèfòmans

gouvènman lokal yo kondisyonèl sou kontinyasyon panèl sèvis pataje yo. Eta a pral aleje tou règleman yo sou kreyasyon konsòsyòm swen sante lokal yo pou kapab redwi montan depans asirans sante lokal yo. Gouvènè a pral òdone Depatman Sèvis Finans Eta New York (New York State Department of Financial Services) lan pou li pibliye gid, epi bay gouvènman lokal yo asistans teknik pou fasilite pwosesis kreyasyon konsòsyòm sante, espesyalman pou minisipalite ki pi piti yo. Gouvènè an te mande Depatman Deta ak lòt ajans pou kontinye travay avèk minisipalite lokal yo pou yo egzamine lòt obstak ki genyen onivo legal e politik nan kad sèvis an komen nan kominote yo, tankou paregzanp zonaj ak lòt fonksyon; yo pral pran yo an konsiderasyon sesyon sa a. An plis, pou kapab ede kominote yo atravè eta a tire avantaj de teknoloji Ekleraj Lari Entelijan an epi ekonomi kontribiyab li yo ak avantaj efikasite enèjetik yo, Gouvènè Cuomo pral lanse yon pwogram Ekleraj Lari Entelijan atravè eta a pou kapab konvèti 500,000 limyè ki nan lari yo an teknoloji LED apati 2025. Pwogram sa gen potansyèl pou li redwi konsomasyon enèji an chak ane atravè eta a de 482 jigawat èdtan, sa ki ekivalan a 44,770 fwayne, fè kontribiyab yo ekonomize 87 milyon dola chak ane, redwi emisyon gaz a efè sèr yo, epi amelyore kalite limyè ak sekirite kominote yo atravè eta a. Finalman, Gouvènè an pral kontinye avèk pwogram soulajman enpo lokatif lokal eta a, ki pral bay yon rediksyon 380 dola an mwayèn nan enpo lokatif lokal yo pou 2.6 milyon pwopriyetè kay yo pou ane sa a sèlman.

## **KONFIME PWOMÈS NEW YORK LAN**

### **Fè Vanse Kalandriye Fanm yo**

New York gen yon eritaj ki fyè epi ki la depi lontan nan pran devan pou fè vanse dwa fanm yo. Soti depi nan nesans mouvman dwa fanm yo nan Seneca Falls pou rive nan adopsyon resan politik Konje Familyal ki Peye ki pi global nan nasyon an, New York kontinye defann dwa fanm yo epi kraze baryè yo kont egalite.

An 2018, nou pral ajoute sou pwogrè nou an nan kontinye fè vanse egalite pou fanm yo epi pwoteje dwa nou yo kont esè federal yo pou eskive epi afebli nou. Konsèy sou Fanm ak Fi (Council on Women and Girls) yo pral pibliye yon seri politik rekòmandasyon konplè pou kapab kreye opòtinite pou fanm yo kapab reyisi nan chak domèn: travay, sante, sekirite edikasyon ak lavi an fanmi.

- **Konbat a Sèlman Seksyèl nan Travay:** Gouvènè a pral lanse yon kalandriye ki gen divès branch ki vize asèlman seksyèl nan espas travay yo. Refòm global lan pou pwoteje dwa fanm yo gen ladan pwojè lwa pou anpeche moun sèvi ak lajan piblik yo pou rezoud ka reklamasyon nan kad asèlman seksyèl kont moun yo, pou anile politik medyasyon ki fòse nan kontra anlwaye yo, epi pou egzije ke nenpòt konpayi ki ap fè biznis avèk eta a pou li divilge kantite akizasyon asèlman seksyèl yo ak akò konfidansyalite yo ke yo te egzekite.
- **Retire Tout Zam a fe nan Men Agresè Domestik yo:** Lwa New York la entèdi moun yo kondane pou krim oswa enfraksyon “serye” yo posede

zam a fe. Toutfwa, sa pa enkli sèten enfraksyon deli ki enplike vyolans domestik, tankou krim atak ak lè yo bat moun oswa yo etrangle moun. Pou asire tou moun ki fè enfraksyon vyolans domestik la yo dwe respekte menm estanda, Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou enkli deli vyolans domestik yo nan lis enfraksyon ki entèdi yo.

- **Mete yon Bout nan Ekspwatasyon Seksyèl ak Pònografi Revanj yo:** Pou kapab mete yon bout nan ekspwatasyon seksyèl twoublan sa, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon apwòch ki gen de branch ki pral kriminalize divilgasyon oswa menas pou divilge imaj oswa videyo ki konpwometan onivo seksyèl yo ki gen entansyon koze domaj materyèl pou sante mantal ak emosyonèl viktim lan, oswa fòse viktim lan poze kèk aksyon seksyèl; epi kriminalize lè yo fòse yon moun ekspoze tèt li oswa angaje nan kondwit seksyèl lè yo menase fè mal a sante, sekirite, biznis, karyè, kondisyon finansye, repitasyon oswa relasyon pèsònèl viktim lan. Nouvo pwojè lwa sa pral kreye krim sa yo, ki pral tou egzije anrejistreman yon delenkan seksyèl:
  - Piblikasyon ilegal imaj seksyèl: Avèk lentansyon koze sante mantal oswa emosyonèl la gwo tò, yon moun (1) simaye imaj ki gen yon nati seksyèl entim; oswa (2) fòse yon lòt moun gen yon sèten konduit poutèt menas simaye imaj ki gen yon nati seksyèl entim. Sa ap yon Deli klas A; pinisab pa jiska yon lane nan prizon oswa twa lane pwobasyon.
  - Ekstòsyon seksyèl nan 3yèm degre: Yon moun fòse oswa lakòz yon lòt moun ekspoze pati seksyèl oswa entim li oswa gen konduit seksyèl nan fè li pè dèske, si li pa obeyi egzijans la, otè zak la pral fè yon aksyon pou fè moun nan, oswa yon lòt moun, ditò, nan sa ki gen pou wè avèk sante li, sekirite li, biznis li, karyè li, eta finansye li, repitasyon li oswa relasyon pèsònèl li yo. Se ap yon Deli Grav klas E; pinisab pa jiska kat lane nan prizon.
  - Ekstòsyon seksyèl nan 2yèm degre: Menm bagay ak pi wo a men viktim nan gen mwens pase 17 an. Se ap yon Deli Grav klas D; pinisab pa jiska sèt lane nan prizon.
  - Ekstòsyon seksyèl nan 1ye degre: Menm bagay ak pi wo a men viktim nan gen mwens pase 15 an. Se ap yon Deli Grav klas C; pinisab pa jiska kenz lane nan prizon.
- **Kodifye *Roe v. Wade* pou vin tounen Lwa Eta:** Pandan plizyè ane, Gouvènè Cuomo te pouse pou kodifye desizyon *Roe v. Wade* Tribinal Siprèm lan ak règleman posteryè yo pou vin tounen lwa eta pou garanti aksè fanm yo a opsyon sante repwodiktif yo. Ane sa Gouvènè a pral yon lòt fwa ankò mande adopsyon pwojè lwa a pou asire dwa fanm yo pou yo kapab pran desizyon swen sante pèsònèl pou pwoteje sante yo an plis de lavi yo, pou kapab asire ke pwofesyonèl swen sante yo kapab bay sèvis krisyal sa yo san laperèz sanksyon kriminèl. Gouvènè a pral kontinye defann tou yon amandman konstitisyonèl pou kapab kodifye pwoteksyon sa yo nan konstitisyon eta a.
- **Adopte Lwa sou Kouvèti Kontraseptif Global lan:** Kontrasepsyon te yon zouti ki enpòtan anpil pou fanm yo kapab jwenn endepandans ekonomik ak sosyal. Itilizasyon ak disponibilite kontrasepsyon an ap redwi

tou nivo gwosès ki pa entansyonèl ak avòtman yo. Pandan ke gouvènman federal la ap retire aksè a swen sante repwodiktif lan, New York pa pral fè pati yon esè pou afebli endepandans fanm yo. An 2017, Gouvènè Cuomo te batay pou kenbe pwoteksyon sante repwodiktif yo pou Lwa sou Swen ki Abòdab (Affordable Care Act) yo, kèlkeswa sa ki rive onivo federal, lè li te adopte règleman ki te asire aksè a kontrasepsyon ki gratis ak avòtman ki nesèsè onivo medikal. An 2018, Gouvènè a pral fè vanse yon dokiman lwa sou pwogram ki pou konsève aksè a kontrasepsyon ki enkli kontrasepsyon ijans nan Lwa Eta New York lan, nan adopte Lwa sou Kouvèti Kontraseptif Global (Comprehensive Contraceptive Coverage Act) lan.

- **Mande Fon Retrèt Komen Eta New York lan pou Investi nan Konpayi yo ki gen Lidèchip Fanm ak Minorite yo:** Pwogram Antrepriz Biznis ki se Pwopriyete Fanm ak Minorite (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) yo nan Eta New York lan li te sibi yon ogmantasyon imans nan patisipasyon gras a objektif 30 pousan itilizasyon kontra Eta MWBE Gouvènè an — ki se pi gwo objektif pou nenpòt eta ki nan nasyon an. Sepandan, malgre pwogrè sa, fanm ak minorite yo rete gravman mal reprezante nan pwopriyetarya biznis, nan wòl jesyon yo ak nan komite kòporatif yo. Pou kapab abòde pi plis inegalite sa yo, an 2018, Gouvènè Cuomo pral mande Fon Retrèt Komen New York lan pou li investi nan konpayi ki gen reprezantasyon minorite ak fanm ki adekwat yo nan jesyon yo ak nan komite direktè yo. Gouvènè an pral travay ansanm ak Kontwòlè DiNapoli pou mete an plas pwosesis ak estanda yo pou kapab sistematikman envesti nan konpayi yo ki envesti nan lidèchip fanm ak minorite yo.
- **Retounen Otorize Pwojè Lwa Pwogram MWBE a epi Elaji Pwogram MWBE an nan Tout Kontra ke Eta a Finanse yo:** Depi lè ke li te rantre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo te transfòme Pwogram MWBE Eta a. Nan objektif pou ka kontinye akonpli pwomès sa, Gouvènè Cuomo pral pwopoze pwojè lwa pandan sesyon 2018 lan ki pral retounen otorize lwa a, epi elaji kondisyon Pwogram MWBE yo a plis kontra ki finanse antyèman pa eta a. Pwojè lwa a pral egzije objektif MWBE yo nan finansman eta yo ke yo itilize pou rezon kontra yo sou plan lokal yo. Sa ap pèmèt pi gwo kantite finansman eta nan istwa pou konbat diskriminasyon sistèmik epi kreye nouvel opòtinite pou patisipasyon MWBE yo.

### **Jistis Kriminèl Pou Tout Moun**

Gouvènè Cuomo te fè vanse refòm jistis kriminèl konsiderab yo pandan manda li nan biwo a, amelyore chak nivo nan sistèm jistis lan soti depi nan arestasyon pou rive nan reyentegrasyon nan kominote a. Yo te adopte twa refòm majè sa yo ane pase an, ki enkli Ogmante Laj responsabite kriminèl lan, elaji rezolisyon Hurrell-Harring revolisyone an ki nesèsè pou refòm defans kriminèl yo nan tout eta a, epi egzije fòs lapolis yo pou yo anrejistre sou videyo entèwogasyon pou kontravansyon ki grav yo, menm jan ak pèmèt idantifikasyon temwen ki byen fèt yo pou vin tounen evidans nan jijman an. An 2018, New York pral ajoute sou pwogrè enteresan sa apati retablisman jistis bazik nan sistèm jistis kriminèl eta nou an.

- Refòm Kosyon ak Detansyon Prevantif yo:** Lè yo te adopte kosyon ki ap gouvène lwa New York yo nan ane 1970 yo, yo te pami sa ki pi pwogresis nan nasyon an. Malerezman, sityasyon aktyèl lan pa akseptap ankò. Gouvènè Cuomo ap pwopoze pwojè lwa ki pral elimine kosyon monetè yo pou moun ki ap fè fas a akizasyon deli minè ak enfraksyon ki pa vyolan yo. Olye de sa, yo pral libere moun yo swa sou pwòp rekonesans yo oswa sou kondisyon ki pa monetè ki enpoze pa tribinal la, tankou bay rapò a yon ajans sèvis anvan jijman yo. Pou moun ki akize pou yon enfraksyon deli vyolan, yo pral pèmèt alafwa kosyon monetè ak sa ki pa monetè yo, men sèlman apre ke yon jij te fè yon revizyon endividyalize sou nati dosye an ak sikonstans pèsonèl ak finansye akize an. Si yo etabli kosyon monetè an, tribinal lan dwe bay akize an yon chwa ant angajman endistri kosyon oswa lajan yo, ak yon fòm kosyon altènatif tankou yon angajman ki sekirize pasyèlman oswa ki pa sekirize. An plis, nan ka limite yo tankou ka enfraksyon vyolans domestik yo, ka ki enplike vyolans grav yo, oswa lè yon akize komèt yon nouvo krim pandan ke li an libète sou liberasyon detansyon prevantif, yon jij kapab òdone, apre pwosesis ki dwe fèt lan, pou yo kenbe yon akize nan prizon detansyon prevantif san kosyon si yo te dekouvri ke akize an poze yon danje vòl konsiderab oswa si gen yon menas aktyèl anvè sekirite fizik yon moun yon nivo rezonab.
- Elaji Pwosesis Dekouvèt lan** Sou pwopozisyon Gouvènè Cuomo a, pwosèkitè yo ak defans lan pral gen pou pataje enfòmasyon nan yon peryòd ki gen divès nivo anvan yo fè yon jijman. Sa pral enkli revelasyon evidans ak enfòmasyon ki favorab pou defans lan; ekspozisyon ki previ yo; evidans opinyon ekspè yo; enfòmasyon sou istwa kriminèl temwen yo; epi yo pral mete disponib pou defansè yo enfòmasyon sou manda fouy yo nan yon delè ki apwopriye epi yon fason konstan. Nan fè sa, sa ap asire ke avoka yo gen zouti ki nesèsè pou kapab reprezante kòrèkteman kliyan yo. An plis, ansanm ak yon revelasyon akselere enfòmasyon temwen yo, plan sa pral bay divès pwosedi espesyal pou kapab asire sekirite temwen sa yo ak entegrite pwosesis jidisyè an.
- Amelyore Aksè a yon Jijman Akselere:** Sou òdonans Gouvènè an, nouvo pwojè lwa ke y'ap fè vanse a li pral garanti ke ka kriminèl yo pwosede a yon jijman san reta ki pa nesèsè, epi ke yo pa kenbe moun yo nan prizon pandan yon peryòd tan ki pa rezonab. Pwojè lwa a pral redwi reta ki pa nesèsè yo ak sispanasyon nan pwosedi tribinal yo, ki ap ekzije ke moun ki enkasere yo - pa sèlman avoka yo - konsanti a yon abandon jijman akselere ki dwe apwouve pa yon jij. Abandon sa yo enkli yon delè pou ke akize an, avoka defans yo, pwosèkitè yo, ak jij yo konprann lè jijman an pwograme, epi yo pral akòde li sèlman apre ke akize an te konparèt devan yon jij. Tribinal yo pral kapab tou fè revizyon peryodik sou dosye yo kote yo kenbe akize yo nan prizon, pou kapab evalye deklarasyon preparasyon pwosèkitè an, rekonsidere kondisyon kosyon an si li apwopriye, epi pwograme yon konferans pou detansyon prevantif. Yo dwe tou mande yon mosyon pou repòte seyans lan omwen 20 jou anvan jijman an kòmanse, epi li dwe enkli alegasyon faktyèl sou sèman yo ki ap espesifye peryòd tan ke y'ap chaje kont pwosèkisyon an.
- Transfòm Konfiskasyon Byen Sivil:** Nouvo pwojè lwa a pral entèdi tout konfiskasyon byen yo, amwens ke yo fè yon arestasyon. Nan ka kote yo bay moun yo dechaj oswa ke dosye an li otremman rejte, yo ta pral gen lajan yo ak atik presye yo ki retounen bay yo. An plis, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta (State Division of Criminal Justice Services) a pral elaji egzijans rapò yo pou enkli

enfòmasyon adisyonèl, tankou enfòmasyon demografik ak jewografik, pou kapab konprann pi byen jan yo itilize konfiskasyon byen sivil yo nan Eta New York. Yon fwa ke yo kreye yon seri enfòmasyon ki pi global, New York pral apre evalye sistèm konfiskasyon byen an, epi fè chanjman ki apwopriye yo pou rezoud pwoblèm ki idantifye yo.

- **Amelyore Pwosesis Reyentegrasyon an:** Gouvènè a ap pwopoze retire anbago jiridik antidate yo sou lisans pwofesyonèl pou pwofesyon yo an deyò fòs lapolis yo epi olye de sa, aplikan yo pral evalye sou yon baz endividyèl. Yo pral retire tou sispansyon lisans chofè obligatwa a apre yon kondanasyon pou dwòg pou kapab pèmèt moun yo vwayaje epi patisipe nan tretman pou dwòg yo, depi ke krim yo pa enplike kondwi veyikil. An plis, Gouvènè a pral elaji an sekirite opòtinite liberasyon yo pou moun ki te montre reyabilitasyon apati elajisman modèl ak varyete pwogram ke yo te bay nan prizon eta yo pou fè moun sa yo kalifye pou liberasyon ki merite ak alokasyon tan kredi ki limite yo. Sou pwopozisyon an, Komite Libète Kondisyonèl lan pral egzamine dosye yo sou yon nouvell pwovizyon "libète kondisyonèl jeryatrik" kote Komite an ka balanse nenpòt risk sekirite piblik ki poze pa moun sa yo ki gen nesesite resevwa tretman ki apwopriye pou laj yo nan kominote a. Refòm yo pral akselere tou reyentegrasyon sitwayen ki ap retounen nan sosyete a apati rediksyon fado finansye yo apre liberasyon yo, ki enkli retire montan frè sipèvizyon libète kondisyonèl aktyèl lan, epi fè biwo pou ranfòsman libète kondisyonèl lokal yo revize òdonans sipò pou timoun yo pou moun ki enkasere yo pandan plis pase sis mwa. Finalman, Gouvènè an te òdone yon revizyon global sou pratik ak liy gid libète kondisyonèl revokasyon yo pou kapab detèmine altènatif ki apwopriye yo pou enkaserasyon pou sila yo ki vyole kondisyon libète kondisyonèl teknik yo, men ki pa poze yon danje pou sekirite piblik lan.
- **Redwi Itilizasyon Detansyon Solitè New York lan:** An 2016, Gouvènè Cuomo te kòmanse reyalize yon akò istorik ke yo te jwenn ant Inyon Libète Sivil New York lan (New York Civil Liberties Union) ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) an pou redwi frekans ak dire detansyon solitè yo, epi pou amelyore kondisyon nan prizon eta yo. Ane sa, Eta a te vize kontinye ak revizyon masif sa nan fè Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè an vize plis pase 1,200 kabann kay lojman solitè yo toupatou nan prizon Eta New York yo.
- **Pwoteje Dwa ak Sekirite Moun New York yo nan Prizon Lokal yo:** Pou kapab abòde feblès ki genyen nan tout prizon lokal yo, Gouvènè an ap pwopoze yon estrateji ranfòsman imedyà nan Komisyon Koreksyon Eta a. Komisyon an—ki legalman otorize pou sipèvize tout etablisman koreksyonèl yo—pral antreprann yon revizyon etablisman global atravè New York yo, ki te ankò e ankò epi enòmeman pa rive reponn a estanda ki te byen etabli yo pou sekirite, serenite, ak sèvis. Revizyon sa pral enkli yon analiz ensidan ke yo ka rapòte yo, lanmò nan gadavi yo, ak kondisyon fizik etablisman yo. Apre detèminasyon Komisyon an, yo pral egzije prizon lokal yo ki gen pwoblèm pèsistan, anvayisan yo pou yo kreye epi adere a yon plan aksyon korektif pou swa amelyore etablisman yo—oswa fèmen yonnan yon fason ki akselere—pou kapab asire sekirite pou alafwa pèsònèl ak moun ki enkasere yo.
- **Sipòte Lwa sou Viktim ki Timoun (Child Victims Act) yo:** Gouvènè an ap chèche elimine lwa limitasyon pou tout ka kriminel ki an rapò ak sèks yo lè yo komèt kont yon moun ki gen laj mwens ke 18 an. An plis, Gouvènè a ap chèche



elaji lwa limitasyon pou reklamasyon sivil yo soti twa ane apati anivèsè 18 an yon viktim pou rive 50 an apati data enfraksyon an. Sa ta pral bay anpil viktim opòtinite pou gen jou yo nan tribinal la. Pou nenpòt viktim ki toujou pa kapab vin ak yon pwosè, Gouvènè an pral ouvri yon fenèt pandan yon ane kote viktim sa yo ap kapab kòmanse ak reklamasyon yo. Finalman, Gouvènè an pral elimine nesite pou ranpli yon aplikasyon reklamasyon devan yon antite piblik anvan ke yon moun kapab vin ak yon pwosè kont antite sa.

### **Lanse Yon Plan Global Pou Atake Sitiyasyon Sanzabri yo**

Gouvènè a angaje nan mete an plas solisyon ki inovatif pou abòde pwoblèm sitiyasyon sanzabri ki gen divès fasèt lan, ki enkli elaji aksè a lojman ki a pri abòdab atravè eta a. An 2016, Gouvènè a te lanse yon plan senk ane revolusyonè pou 20 milya dola pou konbat sitiyasyon sanzabri epi fè vanse konstwiksyon lojman ki a pri abòdab nan Eta New York, ki te enkli 10 milya dola pou mete bout nan kriz sitiyasyon sanzabri an epi sipòte pwogram lojman yo, filyal alokasyon yo ak lòt depansabri yo atravè Vil New York ak atravè eta a. Nouvo plan global eta a pou atake sitiyasyon sanzabri an li pral ajoute sou pwogrè ki te fèt jiskadat.

- **Ogmante Sante Mantal ak Sèvis pou Twoub Itilizasyon Sibstans pou Moun ki Ap Eksperimante Sitiyasyon Sanzabri yo:** Pou kapab ranfòse sèvisabri pou moun ki sanzabri yo ki ap viv ak maladi mantal yo nanabri sanzabri aktyèl yo, Gouvènè Cuomo pral òdone Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance) an pou yo travay ansanm pou asire ke ekip Tretman Kominotè Asètif yo konekte akabri aktyèl yo, pou ke moun ki gen sante mantal yo kapab aksede a tretman ki nesèsè yo. An plis, Biwo pou Sèvis Alkolis ak Abi Sibstans (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) yo pral fè sèvis tretman abi sibstans ke konpayon yo delivre sou plas yo pral disponib nan 14abri aktyèl atravè eta a. Sèvis sou plas yo pral asiste anviwon 200 moun ki sanzabri ki gen twoub itilizasyon sibstans yo nan bay sèvisabri nanabri yo ki sitiye nan zòn ki te wè pi wo ogmantasyon nan itilizasyon sibstans.
- **Egzije Sansibilizasyon ak yon Plan Sèvis pou Sanzabri Global nan Chak Distrik Sèvis Sosyal Lokal yo:** Sitiyasyon sanzabri an ap ogmante epi sitiyasyon sanzabri nan lari yo se pwoblèm ki pi difisil pou rezoud. Gouvènè Cuomo pral egzije pou gouvènman lokal yo gen yon pwogram sansibilizasyon ki efikas pou abòde sitiyasyon sanzabri nan lari yo kòm yon kondisyon pou resevwa finansman eta a pou sèvis sanzabri yo. Li ap òdone pou Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA), Otorite Pòtyè (Port Authority), Centro, Otorite Transpò Distrik Kapital (Capital District Transportation Authority) la, Otorite Transpò Rejyonal Rochester-Genesee ak Otorite Transpò Fwontyè Niagara yo pou fè menm bagay la. Gouvènè a pral òdone Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an pou egzije distrik sèvis sosyal yo pou angaje nan aktivite planifikasyon ki an rapò ak sansibilizasyon nan lari yo, aktivite prevansyon pou sanzabri yo, relokasyon rapid, ak establi lojman ki ap kontinye pou moun ki te sanzabri anvan yo. Eta a pral egzije tou pou

distrik sèvis sosyal yo angaje ak efò Eta yo ki ap kontinye yo, etabli objektif rezonab ki baze sou enfòmasyon yo, epi ki konsevwa inikman pou nesosite kominote li yo, epi pou rapòte regilyèman sou pwogrè ki te fèt yo. Eta a pral bay asistans teknik atravè pwosesis planifikasyon an nan bay gid ki an rapò ak pi bon pratik ak politik yo ki kapab fasilite reyisit.

### **Nou Tout Se Moun New York - Dwa Imigran yo**

Eta New York ak peyi sa te fonde sou baz ke nou tout kreye egal ego. Pandan ke pwomès sa kapab menase pa zak layèn yo ak entolerans, nou dwe sonje ke nou pi fò ke sa - nou se yon sèl New York epi nou tout se imigran. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nou pral kontinye ak eritaj nou nan pwoteje dwa ak libète tout moun New York yo pou ke yo kapab gen opòtinite pou reyisi epi kontribiye nan fòs ekonomik ak kiltirèl eta nou an.

- **Kontinye ak Pwojè Defans Libète Ki Se Premye Nan Nasyon an pou Bay Repezantasyon Legal Ki Enpòtan pou Imigran yo:** Ane pase, Gouvènè Cuomo te reyisi lanse Pwojè Defans Libète a, ki se yon fon defans legal piblik-prive ke eta a dirije ki se premye nan nasyon an pou asire ke tout imigran yo, kèlkeswa kondisyon yo, gen aksè a bon jan kalite konsiltasyon legal yo. An patenarya ak founisè sèvis legal san bi likratif ki ap mennen yo, pwojè a te elaji yon fason konsiderab disponibilite avoka imigrasyon yo atravè eta a. Pandan ke politik imigrasyon ki twonpe yo nan nivo federal la ap kontinye menase fanmi imigran New York yo, Gouvènè Cuomo pral travay pou asire ke Pwojè Defans Libète a ap kontinye soutni epi devlope rezo founisè sèvis legal yo ki ap bay sèvis enpòtan anpil sa yo an defans a kominote imigran nou yo.
- **Adopte Lwa DREAM lan (DREAM Act):** Depi 2002, etidyan ki pa gen papyè yo te kalifye pou frè eskolè nan eta nan Inivèsite SUNY ak CUNY si yo te gradye nan yon lekòl segondè New York oswa si yo te resevwa yon GED (General Educational Diploma) nan eta a. Sepandan, chak ane, anpil etidyan ki plen talan ki te gradye nan yon lekòl segondè New York toujou pa kapab rive atenn potansyèl yo, senpleman paske yo pa kapab peye frè eskolè yo epi manke aksè a asistans pou frè eskolè pou ede yo peye lekòl yo. Nou ka fè pi byen ke sa. Gouvènè Cuomo pral fè vanse Lwa DREAM lan pou finalman ouvri pòt edikasyon siperyè pou plizyè milye moun New York. Lwa DREAM lan pral bay etidyan ki pa gen papyè yo aksè a Pwogram Asistans Frè Eskolè (Tuition Assistance Program), ansanm ak bous etid ke eta jere yo. Yon Envestisman nan avni jèn imigran yo se yon investisman nan avni New York.

### **Pwoteje Dwa Travayè yo**

New York gen yon tradisyon ki la depi lontan epi ki bay fyète nan batay pou dwa sendika travayè yo. Nan yon moman kote salè yo pa bouje, ki fè pansyon yo volatilize, epi dèt fanmi yo ap gonfle, sendika yo ap ofri yon wout pou klas mwayèn lan epi kreye kwasans ekonomik ki ap rive atenn tout Ameriken yo.

- **Li anvizaje pou elimine kredi pou poubwa nan salè minimòm pou kore jistis ekonomik nan Eta New York:** Gouvènè Cuomo ap òdone Komisè Travay lan pou pwograme odyans piblik yo pou evalye posibilite pou mete bout nan kredi poubwa salè minimòm yo nan Eta New York. Depatman Travay (Department of Labor) lan pral òganize odyans piblik yo pou solisite enfòmasyon nan men travayè yo, biznis yo ak lòt moun ki pou asire ke New York ap kontinye pwoteje jistis ekonomik pou tout moun New York.
- **Kanbe Bò Kote Sendika Travay yo Ki Ap Fè Fas a Ensètitud nan Tribinal Siprèm lan:** Sendika travay sektè piblik yo sou atak onivo nasyonal, fè fas a defi legal yo nan nwayo pwofon yo. Tribinal Siprèm Etazini an pral koute byento *Janus v. American Federation of State, County, and Municipal Employees* ki ap chèche pou efektivman mete bout nan sendika travay piblik yo. Tribinal lan pral travay pou detèmine si aranjman frè yo tankou sa ki pèmisisib yo sou Lwa Taylor an vyole Premye Amandman an. Pandan ke nasyon an ap tann yon desizyon nan dosye Janus lan, Gouvènè Cuomo ap kanpe bò kote sendika travay piblik yo nan batay yo pou sivi, epi li pral fè tout sa ki nan pouvwa yo pou prezève dwa travayè yo epi pwoteje dwa pou òganize epi antre an negosyasyon kolektivman.

### **Bay Veteran Nou Yo Sèvis**

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te defann pwogram pou fè Eta New York vin eta ki pi apwopriye pou veteran yo nan nasyon an. Divizyon Afè Veteran yo nan Eta New York lan ap kontinye ranfòse lyen li yo ak anviwon 775,000 veteran ki ap viv nan Eta New York.

- **Anpeche Eksplwatasyon Finansye Veteran yo ak Fanmi yo:** Veteran ki te batay pou pwoteje eta ak nasyon nou an pa ta dwe janm gen pou kontinye konbat ènmi yo lè yo retounen lakay yo. Twò souvan, biznis ki malonèt yo vize veteran yo ki aje ak/oswa sa ki andikape yo, pwomèt pou ede veteran yo ak manm fanmi yo jwenn avantaj federal an echanj pou yon frè ki souvan konsiderab. Gouvènè Cuomo ap pwopoze adopte pwojè lwa ki pi djanm nan nasyon an kont pansyon ki ap chèche ilegalman elimine kondwit predatè sa. Lwa sa pral reyalize nouvel egzijans divilgasyon yo pou biznis yo ki ap komèsyalite sèvis ki baze sou frè yo pou ranpli reklamasyon yo epi fè apèl pou avantaj VA yo, epi li pral pèmèt pwosekisyon biznis yo ki vyole estanda sa yo.
- **Byen Chwazi Ajans Sèvis Veteran Eta New York lan:** Divizyon Afè Veteran nan Eta New York lan yo souvan konfonn li ak Depatman Afè Veteran Etazini an. Pou kapab evite konfizyon sa, Divizyon Afè Veteran nan Eta New York lan pral vin tounen kounye a Divizyon Sèvis pou Veteran yo nan Eta New York. Non sa defini ak presizyon misyon santral ajans sa — ki ap bay veteran yo sèvis ansanm ak fanmi yo sou rès wout lan — epi distenge klèman Divizyon an de VA federal la, evite nenpòt erè ki pa nesèsè yo ak konfizyon yo apati jodi a.
- **Elaji Pwogram pou Veteran Ki Dèyè Bawo yo:** Atravè Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and

Community Supervision, DOCCS) an, Gouvènè a te mete sou pye twa Pwogram Terapetik Rezidansyèl Veteran yo nan Etablisman Koreksyonèl Sekirite Mwayen yo ki idantifye chak nesosite endividyèl veteran yo, epi bay yo sèvis ki koresponn a yo. Sou nouvell pwopozisyon sa, Gouvènè a pral bay resous pou kapab elaji pwogram ki disponib yo epi ofri pwogram yo nan Etablisman Sekirite Maksimòm pou premye fwa.

- **Bay Aksè a Jistis pou Veteran yo Atravè Patenarya Lekòl Dwa yo:** Pou ajoute sou reyisit sibvansyon Jistis pou Ewo New York yo, Gouvènè Cuomo pral elaji pwogram lan pou ofri lekòl ki ap patisipe yo chans pou renouvle sibvansyon yo pou de pwochèn ane yo. Nan bay lekòl dwa yo yon total jiska 150,000 dola, chak lekòl ki ap patisipe pral kapab amelyore dirabilite nouvell inisyativ sèvis legal li yo, sa ki ap asire ke fakilte ak elèv yo ki nan lekòl sa yo pral bay sèvis legal gratis pou veteran yo ak fanmi yo pandan plizyè ane ki gen pou vini yo.

## **ELAJI OPÒTINITE EDIKATIF POU TOUT MOUN**

### **Enpòtans Edikasyon Prekòs**

Gouvènè Cuomo te defann anfans prekòs ak sante familyal pou asire ke tout timoun yo an sante epi ap pwospere nan Eta New York. Gouvènè a rekonèt ke li esansyèl pou nou atenn timoun nou yo nan fenèt devlopman ki enpòtan anpil lan pandan ke yo jèn. Edikasyon ak sipò anfans prekòs se baz bon jan kalite edikasyon epi li kapab ogmante yon fason konsiderab pèspektif alontèm pou jèn moun nou yo. Pou kontinye ajoute sou pwogrè ane resan yo, Gouvènè Cuomo pral fè investisman ki enpòtan anpil pou ranfòse pwogramasyon anfans prekòs epi elaji aksè a plis moun New York.

- **Investi Lè Li Pi Nesèsè - Premye 1,000 Jou nan Lavi a:** Nan mwa Dawout 2017, Gouvènè Cuomo te òdone Depatman Sante (Department of Health) a pou li kreye yon gwoup travay 1,000 Premye Jou sou Medicaid pou kapab idantifye epi rekòmande fason pou kapab amelyore rezilta ak opòtinite pou jèn moun yo ansanm ak fanmi yo apati aksè a sèvis sante anfans yo, ak ekspansyon lòt sipò familyal ak kowòdinasyon sistèm anfans prekòs ak sante yo. Baze sou rekòmandasyon gwoup travay lan, Gouvènè Cuomo pral kòmanse mete an aplikasyon Plan 1,000 Premye Jou global lan pou:
  - Devlope yon modèl ki klè epi estandarize pou premye swen pedyatrik yo pou asire ke kwasans ak devlopman yo ap byen vanse, epi etabli yon zouti mezi ki inifòm pou founisè ak edikatè yo kapab evalye devlopman timoun yo apre antre yo nan Kindègadenn.
  - Fasilite modèl swen anvan nesans ki baze sou gwoup yo pou kapab sipòte fanm ki ansent yo ki ap viv nan vwazinaj ki gen pi piti nivo nesans ki reyisi nan eta yo, ki enkli gwo ensidans sou nesans prematire yo ak ti pwa nesans yo.
  - Ranfòse sèvis vizit nan kay yo nan twa kominote ki an gwo danje apati itilizasyon yon apwòch ki vize fè koresponn fanmi yo ak yon

pwogram vizit nan kay ki koresponn pi byen a neseseite yo ak kalifikasyon yo.

- Lanse sèvis navigatè fanmi konpayon yo nan etablisman kominotè ki pa bay swen sante yo, tankouabri pou fanmi ki sanzabri yo ak sant tretman pou dwòg yo, pou kapab fasilite kontak dirèk soti depi nan founisè ki ap fè dyagnostik sou timoun lan pou rive nan founisè ki ap pèmèt kontinyite swen nan sèvis yo pou fanmi ki an danje yo.
  - Bay paran jèn timoun yo aksè ki amelyore a modèl terapi paran-pitit ki baze sou evidans yo.
- **Elaji Lekòl Anvan Kindègadenn yo pou Timoun Ki Gen Laj 3 ak 4 An yo nan Lekòl Ki Gen Gwo Neseseite yo Atravè Eta a:** Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta a te plis ke double angajman li nan lekòl anvan kindègadenn yo soti 385 milyon dola pou rive plis pase 800 milyon dola. An plis, depi lè ke Gouvènè Cuomo te entwodwi lekòl anvan kindègadenn pou timoun ki gen 3 an yo an 2015, yo dedike kounye a plis pase 30 milyon dola pou timoun twa an ki gen gwo neseseite yo sèlman. Gouvènè Cuomo pral kontinye investi nan lekòl anvan kindègadenn yo apati investisman yon 15 milyon dola adisyonèl pou kreye 3,000 nouvel plas pou lekòl pou timoun twa ak kat an ki gen gwo neseseite yo ki toupatou nan eta a.
  - **Etabli Fòs Entèvansyon pou Disponibilite Swen pou Timoun (Child Care Availability Taskforce) yo:** Pou kapab ajoute sou investisman eta yo nan swen pou timoun yo ak devlopman swen pou timoun ki sekirize, aksesib, epi a pri abòdab, Gouvènè an ap etabli yon nouvel Fòs Entèvansyon pou Disponibilite Swen pou Timoun yo. Fòs entèvansyon sa, ki pral enkli reprezantan ki soti nan kominote founisè swen pou timoun yo, kominote defans lan, reprezantan nan kominote biznis lan, sendika ki reprezante founisè swen pou timoun yo, reprezantan ki soti nan divès ajans eta yo ak depatman sèvis sosyal lokal yo, li pral responsab pou egzamine aksè a swen pou timoun ki abòdab yo; disponibilite swen pou timoun pou sila yo ki gen orè travay ki pa tradisyonèl yo, chanjman regilatwa ak jiridik yo ki ta kapab pwomouvwa oswa ranfòse aksè a swen pou timoun yo; rekonpans pou biznis yo pou ogmante aksè a swen pou timoun yo; ak enpak sou dediksyon ak kredi enpo ki an rapò ak swen pou timoun yo.

### **Plan Ki Gen Senk Pwen pou Asire Ke Okenn Elèv Pa Rete Grangou**

Pwogram Gouvènè an mete sou pye pou “Okenn Timoun pa nan Grangou” (“No Student Goes Hungry”) gen ladan envestisman pou agrandi pwogram “Soti nan Fèm Rive Lekòl la” (“Farm to School”), lejislasyon pou rann li pi fasil pou moun jwenn manje maten gratis epi anpeche yo fè moun wont pou zafè manje midi, ak chanjman onivo senten règleman pou asire elèv yo, depi nan jadendanfan rive nan kolèj, jwenn manje ki fre soti nan fèm, nan yon anviwònman aprantisaj bon jan kalite.

- **Entèdi Fè Timoun Wont pou Zafè Manje Midi, Toupatou nan Eta a:** Fè timoun wont pou zafè manje midi se yon move pratik nan kèk lekòl, kote granmoun yo fè timoun yo wont devan kanmarad yo poutèt yo pa gen

lajan pou peye manje midi. Gouvènè an ap pwopoze yon lwa, e lè li pase, l ap imedyatman entèdi pou yo fè moun wont pou zafè manje midi, kèlkeswa sityasyon an.

- **Egzije Manje Maten Apre Son Klòch:** Pou kapab elaji aksè a dejene epi anpeche elèv yo rete grangou nan klas matinal yo, Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou yo egzije lekòl ki gen plis pase 70 pousan elèv ki kalifye pou manje midi gratis oswa a pri redwi yo, pou ofri dejene apre ke jounen lekòl la kòmanse pou pwochèn ane eskolè a. Nan pwogram manje maten “Apre Son Klòch” ki reyisi, lekòl yo sèvi manje maten nan saldeklas la, oswa li bay opsyon distribitè otomatik ki nourisan, pou asire elèv yo jwenn manje maten lè jounen an kòmanse. Pou fasilite tranzisyon an, eta a pral ofri asistans teknik ak lajan kapital pou ekipman tankou glasyè ak distribitè otomatik pou ankadre manje maten “apre son klòch.”
- **Elaji pwogram ‘Soti nan Fèm rive Lekòl’ la:** New York pral double investisman eta a fè nan pwogram “Soti nan Fèm rive Lekòl” la pou ankadre itilizasyon manje ki bon pou lasante e ki lokal, nan distri lekòl atravè Eta New York. Yo te kreye pwogram “Soti nan Fèm rive Lekòl” la pou konekte lekòl yo avèk kiltivatè lokal, ofri asistans teknik e pèmèt lekòl yo kòmande manje lokal pou lekòl yo an mezi ofri elèv yo manje ki nourisan ak pwodwi ki soti nan fèm lokal yo.
- **Ogmante Itilizasyon Manje Fre ki sot nan Fèm ak Manje Lokal nan Lekòl yo:** Mank manje ki bon pou lasante e ki nourisan ka afekte kapasite yon timoun pou li konsantre e pèfòme byen lekòl la. Souvan tou, li lakòz timoun nan gen plis pwoblèm konpòtman ak pwoblèm emosyonèl, soti nan matènèl rive nan adolesans. Pou ankouraje distri lekòl yo itilize plis pwodui agrikòl lokal, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon ogmantasyon nan kantite lajan yo remèt lekòl yo pou manje midi; l ap pase de 5.9 santim a 25 santim pa repa, pou nenpòt ki distri ki achte omwen 30 pousan engredyan nan men fèm New York yo.
- **Egzije Bank Alimantè sou tout Kanpis SUNY ak CUNY:** Pou asire etidyan yo toujou ka jwenn manje sou kanpis kolèj yo, Gouvènè a ap mande tout lekòl SUNY ak CUNY pou yo ofri bank alimantè ki enstale sou kanpis la, oswa pèmèt elèv yo resevwa manje atravè yon aranjman separe ki pa fè moun bay yo non. Gouvènè an pwopoze pou eta a investi 1 milyon dola pou lekòl yo aplike pwogram nan.

### **Elaji Bon Jan Kalite Pwogramasyon Edikatif Pou Tout Moun**

Gouvènè Cuomo te garanti investisman rekò nan edikasyon K-12 yo pou sipòte tout elèv ki nan Eta a yo, nan rekonèt ke pa gen investisman ki pi enpòtan ke avni jèn moun nou yo. Investisman Eta a nan edikasyon an te kontinye ogmante sou lidèchip Gouvènè a. Ane sa, Gouvènè Cuomo pral kontinye elaji pwogramasyon edikasyon epi mete jèn moun yo sou wout siksè.

- **Lanse Yon Faz Adisyonèl nan Pwogram Apre Lekòl Empire State lan:** Ane pase a, Gouvènè Cuomo te kreye Pwogram Apre Lekòl Empire State lan, ki te bay 35 milyon dola pou kreye 22,000 plas apre lekòl nan kominote ki gen gwo nesosite yo. Ane sa, Gouvènè a ap pwopoze yon 10 milyon dola adisyonèl pou sipòte kreyasyon 6,250 nouvo plas nan

kominote ki gen gwo nivo elèv ki sanzabri yo, oswa ke yo klase kòm kote ki bezwen yon kote ki sekirize pou elèv yo ale apre ke jounen lekòl la fini. Bon jan kalite pwogram apre lekòl yo asosye ak yon ranbousman 3 dola pou chak dola ki depanse.

- **Elaji Pwogram Lekòl Segondè Inivèsite Prekòs Ki Reyisi an Apati Devlopman Rezo Lekòl yo Toupatou nan Eta a:** Pandan administrasyon Gouvènè an, New York te depanse 47 milyon dola pou sipòte pwogram Lekòl Segondè Inivèsite Prekòs la, yon pwogram inovatif kote etidyan yo kapab jwenn kredi inivèsite ki ap mennen a yon diplòm asosye pandan ke y'ap fè diplòm lekòl segondè yo. Nan objektif pou kapab elaji modèl pwogram Lekòl Segondè Inivèsite Prekòs la pou elèv yo ki atravè Eta a, Gouvènè a ap pwopoze yon 9 milyon dola adisyonèl pou sipòte kreyasyon omwen 15 Lekòl Segondè Inivèsite Prekòs, kote lekòl yo pral fè patenarya ak yon kolèj oswa inivèsite ak patnè endistri an pou kreye opòtinite pou chak elèv ki nan lekòl la kapab gradye ak kèk kredi inivèsite.
- **Elaji Edikasyon pou Syans Enfòmatrik pou Tout Lekòl Elemantè, Mwayen, ak Segondè yo:** Teknoloji pami sektè anplwa ki ap devlope pi rapid yo, epi elèv New York yo bezwen prepare pou travay demen yo. Nan objektif pou kapab asire ke lekòl New York yo kapab ofri kou nan syans enfòmatrik yo, Gouvènè a ap pwopoze yon angajman 6 milyon dola anyèl pou bay sipò pwofesè ak devlopman nan syans enfòmatrik yo ak enjenyeri. An plis, Gouvènè a pral mande Depatman Edikasyon Eta a pou li travay ak lidè endistri yo pou devlope modèl estanda syans enfòmatrik yo.

### **Elaji Aksè a Edikasyon Siperyè**

Gouvènè Cuomo te dirije nasyon an nan elaji aksè a yon bon jan kalite edikasyon nan inivèsite epi ki a pri abòdab, epi bay jèn moun nou yo zouti ke yo bezwen nan ekonomi 21èm syèk lan. Depi lè ke li te rantre an fonksyon, Gouvènè a te pran mezi pou kapab redwi baryè finansye pou inivèsite yo, ki enkli aplikasyon yon plan frè ansèyman ki rasyonèl ki limite ogmantasyon frè ansèyman SUNY ak CUNY yo, kreye Pwogram Padon Prè Etidyan Retounen Kanpe an, lanse Bous Etid Eksèlisyò revolisyonè a pou bay frè ansèyman gratis pou fanmi klas mwayèn yo, epi envesti 8 milyon dola pou kapab ede redwi depans pou liv yo atravè inovasyon tankou Resous Edikatif Piblik yo nan SUNY ak CUNY.

Pou ajoute sou akonplisman istorik sa yo, Gouvènè Cuomo pral kontinye batay pou asire ke tout moun New York yo kapab ale nan inivèsite epi reyalize rèv yo.

- **Lanse Dezyèm Faz nan Pwogram Frè Ansèyman Gratis Eksèlisyò a:** Ane pase a, Gouvènè Cuomo te kreye Bous Etid Eksèlisyò istorik lan, ki se premye pwogram nan nasyon an ki bay frè ansèyman gratis nan kolèj ak inivèsite piblik New York yo pou fanmi klas mwayèn yo. Ansanm ak lòt sous asistans pou frè ansèyman yo, ki enkli Pwogram Asistans pou Frè Ansèyman Eta New York lan ki jenere an, Bous Etid Eksèlisyò a ap pèmèt anviwon 53 pousan etidyan nan eta ki nan SUNY ak CUNY a tan konplè yo, oswa plis pase 210,000 abitan New York, pou yo ale lekòl ak frè ansèyman ki gratis. Nan Ane Fiskal 2019 lan, Bous Etid Eksèlisyò an pral

antre dezyèm ane nan yon entegrasyon twa ane. Kòmanse apati ane akademik 2018-19 lan, nivo bazik elijibilite revni pou Bous Etid Eksèlisyò a pral ogmante, sa ki ap pèmèt moun New York yo ki gen revni fanmi yo ki rive jiska 110,000 dola yo kalifye. Pou kapab kontinye ak pwogram revolisyonè sa, Gouvènè a ap pwopoze 118 milyon dola pou sipòte 27,000 etidyan ki nan pwogram Bous Etid Eksèlisyò a.

- **Konbat Eksplozyon Dèt Etidyan yo:** Ogmante aksè a yon edikasyon siperyè ki abòdab li rete vital epi Eta New York te montre wout lan. Gouvènè an pral fè vanse yon plan global pou kapab redwi pi plis dèt etidyan yo ki enkli kreyasyon yon Ombudsman Prè Etidyan nan Depatman Sèvis Finansye a; egzije pou tout inivèsite yo bay elèv yo chak ane kantite lajan anviwon ke yo sipoze pou prè etidyan yo, tankou kantite lajan prè etidyan ke yo solisite jiskadat yo, yon seri kantite peman total ki enkli peman prensipal ak enterè yo, ak kantite ranbousman chak mwa ke etidyan an ka solisite pou prè an jiskadat; adopte pwoteksyon revolisyonè yo pou etidyan yo ki enkli asire ke konsiltan dèt ak founisè sèvis prè etidyan yo kapab twonpe yon moun k'ap prete kòb oswa angaje nan nenpòt zak ak pratik predatè, mal aplike peman yo, bay ajans rapò kredi yo enfòmasyon ki pa presi, oswa nenpòt lòt pratik ki kapab andomaje moun k'ap prete kòb lan; epi entèdi sispansyon lisans pwofesyonèl moun yo apre oswa a defo yon prè etidyan.

## **NY WORKS (Travay nan NY)**

### **Prepare Mendèv Jodi a ak Sa Demen An**

Gouvènè Cuomo te sipèvizize yon renesans remakab ekonomi New York lan. Depi lè ke li te rantre an fonksyon, ekonomi New York lan te kreye plis pase 1 milyon pòs travay nan sektè prive a, epi nivo chomaj Eta a te bese sòti nan 8.3 pousan rive a 4.7 pousan. Men pandan kwasans ekonomik sa a ap fèt jodi a, Gouvènè Cuomo rekonèt nesesitye ijans prepare Nouyòkè yo pou djòb ki pral peye byen yo demen. An mwayèn, pral genyen prèske 362,000 òf pòs travay chak ane nan New York sou dis pwochèn ane yo, epi Gouvènè Cuomo angaje nan asire ke moun New York yo ekipe pou ranpli yo.

- **Etabli yon nouvell Aplikasyon Finansman Konsolide pou 175 milyon dola pou investisman nan mendèv yo atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) yo, ki vize domèn ki ap emèje yo:** Etablisman Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) a pou fon devlopman ekonomik yo se yonn nan akonplisman devlopman ekonomik karakteristik Gouvènè a -- yon apwòch sòti anba pou monte ki rasanble ansanm lidè yo nan edikasyon siperyè, endistri ak gouvènman yo pou planifye avni rejyon yo. Eta a te investi plis pase 5.4 milya dola atravè REDC yo ki te finance plis pase 6,300 pwòjè, epi soutni plis pase 220,000 pòs travay nan tout eta a. Pou ajoute sou reyisit modèl sòti anba pou monte sa a, etablisman yon nouvell Aplikasyon Finansman Konsolide pou investisman nan mendèv yo ta pral soutni efò rejyonal estratejik yo ki reponn a bezwen an mendèv akoutèm biznis yo, amelyore liy ravitayman talan rejyonal yo, elaji estaj yo, epi abòde bezwen alontèm endistri ki ap



agrandi yo—avèk yon konsantrasyon patikilye sou domèn ki ap emèje yo ki gen deplizanpli demann pou pòs travay tankou enèji pwòp ak teknoloji. Fon yo t ap soutni efò pou amelyore sekirite ekonomik fi, jèn moun, ak lòt popilasyon k ap fè fas a gwo obstak a avansman karyè yo tou. Finansman pou CFA mendèv la ap gen ladan 150 milyon dola an nouvo resous fleksib epitou 25 milyon dola an vwa finansman ki la deja pou mendèv.

- **Elaji Pwogram Travay Jèn New York lan:** Pou kapab ajoute sou reyisit Pwogram Travay Jèn (Youth Jobs Program) lan, Gouvènè Cuomo ap pwopoze ogmante kredi maksimòm ki disponib pou patwon New York ki sètifye yo de 50 pousan—ogmante kredi enpo maksimòm lan soti 5,000 dola pou rive 7,500 dola pou jèn ki sètifye ki anplwaye a tan konplè yo, epi soti 2,500 dola pou rive 3,750 dola pou sila yo ki anplwaye a tan pasyèl yo. An plis, pou kapab ede patisipan yo devlope pi byen aptitud ki nesèsè yo pou avanse soti nan pozisyon nivo bazik pou ale nan yon karyè ke yo chwazi, Gouvènè a pral òdone Depatman Travay la pou li aliye epi konekte patwon yo ak jèn ki ap patisipe nan Pwogram Travay Jèn lan ak efò devlopman mendèv rejyonal yo nan SUNY, CUNY ak BOCES New York. Aliyman sa pral favorize investisman nan mendèv Eta yo epi ogmante devlopman aptitud yo ke patwon yo kapab bay sou plas ak sipò mendèv adisyonèl nan sal klas yo ak sou entènèt.
- **Kreyasyon nouvo Biwo Pèfeksyonman Mendèv la:** Kounye a, gen plizyè douzèn pwogram ki disponib nan diferan òganis, men pou nou maksimize kapasite nou pou reponn bezwen an mendèv eta a, eta a dwe pi byen entegre pwosesis fragmante sa a. Biwo Pèfeksyonman Mendèv la pral sèvi kòm ajan responsabilite ak kowòdonasyon pou tout pwogram fòmasyon mendèv yo pou eta a, sa gen ladan pwogram CFA a. Avèk nan tèt li yon nouvo Direktè Pèfeksyonman Mendèv, Biwo a pral tabli estanda yo pou rezilta pwogram nan epi garanti aliyman avèk bi kwasans ekonomik eta a ak rejyon endividyèl yo. Direktè a pral fè pati Konsèy sou Investisman nan Mendèv Eta a (State Workforce Investment Board), Ekip Evalyasyon Aplikasyon Estratejik la (Strategic Implementation Assessment Team) (ki egzamine pwopozisyon 10 Konsèy sou Kwasans Ekonomik Rejyonal yo soumèt), ak Konsèy Kolèj Kominotè Rejyonal yo.

### **Kontinye ak Estrateji Devlopman Ekonomik Rejyonal Soti Ba Pou Monte Wo an**

Gouvènè Cuomo konnen ke Rèv Ameriken an santre sou mobilite ak sekirite ekonomik. Li te batay pou retire baryè kont opòtinite yo, ranfòse klas mwayèn lan, epi konstwi wout pou ede bay chak moun New York yon chans pou kapab reyisi epi konstwi yon pi bon lavi pou pwòp tèt yo ak fanmi yo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te transfòme apwòch li an sou devlopman ekonomik yo epi li te adopte yon estrateji soti ba pou monte wo ki bay kominote lokal yo pouvwa atravè tout eta a.

- **Investi 750 Milyon Dola pou Ywityèm Faz nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo:** Gouvènè Cuomo te kreye konpetisyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la an 2011 pou devlope plan devlopman ekonomik rejyonal yo atravè yon apwòch soti ba pou monte wo ki te rasanble ansanm lidè yo ki soti nan edikasyon siperyè, endistri, ak gouvènman yo pou planifye avni rejyon yo an. Eta a te investi plis pase

5.4 milya dola atravè REDC yo ki te finanse plis pase 6,300 pwojè, epi soutni plis pase 220,000 pòs travay nan tout eta a. Pou ka ajoute sou siksè pwogram REDC an, Gouvènè a pwopoze pou kontinye ak apwòch devlopman ekonomik rejon sa ak yon ywityèm faz nan prim REDC yo ak 750 milyon dola pou finanse pwojè priyorite rejon yo.

- **Lanse Faz Twa nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan:** Pou bay kominote yo zouti ke yo bezwen pou chwazi epi alimante estrateji revitalizasyon ke yo vize yo, epi ajoute sou rejis rekò Gouvènè a ki pwouve a nan mete enèji nan ekonomi eta a, Eta New York pral elaji Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil li an ki deja te reyisi an ak yon 100 milyon dola adisyonèl, ki ap bay jiska 10 milyon dola pou prim yo nan chak rejon. Ansanm, envestisman sa yo pral asire ke kominote yo gen zouti ke yo bezwen pou kapab bay bourad a ekonomi lokal yo epi transfòme vwazinaj anba lavil yo.

### **Konstwi Enfrastrikti 21èm Syèk**

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap pwogrese ak yon pwogram enfrastrikti pou 100 milya dola, ki se pwogram ki pi agresif epi pi anbisye nan peyi a. Soti depi nan envestisman nan reyabilitasyon wout ak pon yo ak rekonstwiksyon ayewopò yo pou 21èm syèk lan, New York ap vanse ak pwojè ki enteresan atravè eta a: Moynihan Train Hall pou bay sèvis antan ke santral transpò klas mondyal ke New York merite; yon ekspansyon 1.2 milyon pye kare pou Javits Convention Center; yon nouvo pon Kosciuszko Bridge, ki se premye nouvo pon majè nan Vil New York nan plis pase 50 ane; nouvel estasyon tren yo ki nan Niagara Falls, Rochester ak Schenectady; yon transfòmasyon 6.6 milya dola pou Long Island Railroad; ak yon Plan Kapital MTA rekò pou pote sistèm metwo Vil New York lan nan 21èm syèk lan.

- **Entènèt Rapid pou Tout Moun: Nouvo Prim Faz III Pwogram Entènèt Rapid NY lan (New NY Broadband):** An 2015, Gouvènè a te kreye pwogram Entènèt Rapid NY lan, ki se envestisman eta ki pi gwo epi pi anbisye nan entènèt rapid ak objektif pou asire ke tout moun New York yo gen aksè a entènèt rapid a wot vitès. Depi lansman li, pwogram lan te atenn 2.3 milyon kay epi li te elaji aksè a entènèt rapid a plis pase 98 pousan moun New York. Ane sa, Gouvènè a pral fè vanse Faz III nan nouvo prim pwogram Entènèt Rapid NY lan yo pou abòde rès de pousan moun New York yo, konekte yon 120,000 lokal adisyonèl. Faz III pral katalize plis pase 360 milyon dola nan envestisman total, ki enkli 225 milyon dola nan finansman Eta a. Ak Faz III, Gouvènè a fyè pou li anonse ke New York te investi 1 milya dola nan efò sa epi 99.9 pousan moun New York yo gen angajman pou jwenn aksè a entènèt rapid a wot vitès, ak tout moun eksepte yon pousan ki gen aksè a sèvis 100 mbps oswa pi plis.
- **Elaji Gichè Peyaj San Lajan Kach yo sou Tout Thruway Eta New York lan ak Kwazman Otorite Pòtyè yo:** Nan elimine nesesisite pou kanpe pou gichè peyaj yo, teknoloji sa ap amelyore eksperyans moun ki ap kondwi yo, akselere trafik sikilasyon an epi benefisye a sila yo ki ap viv tou pre kabin peyaj yo apati rediksyon emisyon gaz kabonik ki relatif a anbouteyaj yo. Gouvènè a te defann aplikasyon gichè peyaj san lajan kach yo sou

pon ak tinèl MTA yo, ki te konplete an 2017, epi tou li te anonse menm ane sa ekspansyon gichè peyaj san lajan kach yo nan etablisman peyaj ki nan Harriman ak Grand Island ki sou Thruway lan. Pou kapab elaji avantaj yo atravè eta a, Gouvènè Cuomo planifye mete sou pye pwen koleksyon teknoloji gichè peyaj san lajan kach yo sou tout Thruway lan. An plis, Gouvènè a te egzòte tou pou Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey, PANYNJ) yo etidye posibilite enstalasyon koleksyon gichè peyaj san lajan kach sou tout pon ak tinèl ke PANYNJ t'ap opere yo. Lè li fin konplete, itilizatè Thruway yo, soti nan Vil New York pou rive nan Buffalo, pral eksperimante rediksyon nan anbouteyaj nan sikilasyon yo ak amelyorasyon nan dire vwayaj yo. Pwojè a pral itilize konstwiksyon ki baze sou konsepsyon pou kapab redwi depans yo epi akselere planifikasyon konstwiksyon an. Gichè peyaj san lajan kach yo atravè sistèm Thruway lan yo pral operasyonèl an 2020.

- **Investi nan Nouvo Transpò Masif, Nouvo Pon ak Wout yo:** An 2018, Eta New York pral kontinye ak pwogram enfrastrikti revolisyonè li an apati investisman 11.7 milya dola pou transfòme enfrastrikti transpò eta yo. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a pral konstwi 3,220 kilomèt wout epi repare oswa reyamenaje 500 pon, Otorite Thruway Eta New York lan pral renouvle yon 270 kilomèt wout adisyonèl, repare oswa reyamenaje 25 pon epi konplete nouvo pon Gouvènè Mario M. Cuomo a an 2018.
- **Redevlope epi Rekomèsyalize Stewart International:** Gouvènè an mande Otorite Pòtyè pou li apwouve investisman 34 milyon dola sa, ki ta pral ogmante aksè a destinasyon ak atraksyon klas mondyal yo nan tout Mid-Hudson Valley nan sipòte konstwiksyon yon estasyon enspeksyon federal pèmanan pou Pwoteksyon Frontyè ak Dwàn Etazini an (U.S. Customs and Border Protection). Nouvo FIS lan pral pèmèt ayewopò an jere vòl domestik ansanm ak vòl entènasyonal, e l ap amelyore eksperyans tout vwayajè yo. Anplis de sa, nan kad jefò modènizasyon sa a, epitou pou rann li pi fasil pou moun rekonèt non li, ayewopò an pral chanje non pou l tounen Ayewopò Entènasyonal New York nan Stewart Field (New York International at Stewart Field).
- **Konstwi yon Nouvèl Estasyon Nò pou Metro nan Woodbury Common:** Woodbury Common atire anviwon 13 milyon vizitè chak ane, sa ki koze anbouteyaj konsiderab nan kominote a, sepandan pa gen okenn opsyon sou ray pou bay vizitè yo yon altènatif a kondwi machin. Nan dirije transfòmasyon akselere koridò Route 32 a nan Woodbury Common, Gouvènè Cuomo te deja pran mezi pou kapab redwi anbouteyaj yo nan zòn nan. Pou ajoute sou efò sa, Gouvènè Cuomo pral sipòte yon revizyon potansyèl pou yon patenarya piblik-prive pou pote yon Nouvèl Estasyon Nò pou Metro nan Woodbury Common.
- **Konstwi AirTrain lan pou Kreye Aksè Avyon a Tren yo nan Ayewopò LaGuardia a:** Ayewopò LaGuardia rete sèl ayewopò majè nan Kòt Lès lan ki san yon liy ray dirèk. Pou kapab abòde pwoblèm sa, Gouvènè Cuomo ap mande Otorite Pòtyè New York ak New Jersey yo pou yo otorize rapidman devlopman yon koneksyon AirTrain ant LaGuardia ak Willets Point ki nan Queens, sa ki ap kreye aksè a alafwa liy metwo nimewo 7 lan ak Long Island Rail Road, ki ap ofri sèvis nan Grand Central, Penn Station

ak nan tout Long Island. Yo prevwa ke pwojè a pral devlope atravè yon patenarya piblik-prive. Otorite Pòtyè yo pral kòmanse ak pwosesis revizyon anviwònmantral la pi bonè posib, ak objektif pou kòmanse ak konstwiksyon yo an 2019.

- **Pran Mezi pou Kapab Revitalize Red Hook:** Red Hook, Brooklyn ansanm ak kominote ki alantou li yo ap emèje an yon santral posibilite ak opòtinite. Gouvènè Cuomo ap mande Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a pou yo eksplòre opsyon yo pou amelyore epi konsolide operasyon maritim yo gras a depasman aktivite ki nan Red Hook pou rive South Brooklyn. An plis, Gouvènè a mande Otorite Transpò Metwopolitèn lan tou pou li etidye opsyon yo pou amelyore aksè a transpò nan zòn Red Hook ak kominote ki alantou li yo, ak ekstansyon posib sèvis metwo yo sòti Lower Manhattan pou rive nan yon nouvell estasyon ki nan Red Hook pase pa yon tinèl ki anba dlo. Yon fwa ke gen yon plan ki klè sou jan pou modènize epi konsolide potansyèlman aktivite maritim yo epi ke etid MTA a fini, yo prevwa yon pwosesis planifikasyon ki baze sou kominote a avèk patisipasyon kle reprezantan eli yo ak pati prenan ki enterese yo pou rekòmande altènatif pou redevlopman ki apwopriye yo pou nenpòt teren Otorite Pòtyè a ki pa nesèsè ankò pou bezwen maritim yo.
- **Konstwi yon Pò Tèrès nan New York Santral pou Amelyore Komès Rejyonal yo:** Pou kontinye ajoute sou investisman istorik Gouvènè Cuomo an nan modènize enfrastrikti nou yo, New York pral konstwi yon pò tèrès nan Komin DeWitt lan ki pral fasilite depasman kagezon ki nan kanntenè yo sou ray okontrè de kamyon yo. Inisyativ sa pral amelyore konpetitivite ekonomik pou biznis enpòtasyon/ekspòtasyon yo ki nan New York Santral pandan ke l'ap favorize enfrastrikti ray ki finanse pa sektè prive a ki ap bay sèvis nan rejyon an. Pò tèrès lan pral sèvi pou redwi depans pou transpò yo pou depasman kagezon ki nan kanntenè yo ant Pò New York ak New Jersey ak rejyon New York Santral lan de jiska 500 dola pa kanntenè; konsève epi kreye travay ki an rapò ak kagezon yo; redwi emisyon gaz kabonik veyikil yo; epi retire kamyon ki laj yo nan alafwa zòn metwopolitèn New York lan ak sou Interstate 81.
- **Fè Vanse I-81 Devan ak Deklarasyon Enpak Anviwònmantral ki Elaji yo:** Gouvènè Cuomo te yon defansè djanm pou revitalizasyon vyadik I-81 lan epi li te pouse pou kapab eksplòre ak prekosyon chak opsyon ak altènatif pou wout sa ki ap vyeyi an. An 2017, Gouvènè a te òdone Depatman Transpò Eta New York lan pou li inisyè yon etid endepandan sou altènatif tinèl ak otowout ki dekonjesyone pou koridò I-81 an, ki te konkli ke pandan ke yon tinèl se opsyon ki pi chè a, li teknikman fezab epi yo te ka etidye li nan Deklarasyon Enpak Anviwònmantral la. Gouvènè Cuomo ap òdone DOT kounye a pou li ajoute altènatif tinèl lan nan EIS aktyèl lan pou plis revizyon ak konsiderasyon, sa ki pral asire ke ajans piblik ak konsiltatif yo kapab fè kòmantè sou tout twa altènatif ki fezab yo—ranplasman vyadik lan, rezo kominotè, ak altènatif tinèl—ak etid enjenyeri, sosyal, ekonomik ak anviwònmantral ki detaye yo ki te reyalize pou chak.
- **Fè Vanse Pwopozisyon Tinèl Long Island Transfòmatif lan:** An 2015, Gouvènè a te òdone 5 milyon dola pou Depatman Transpò a pou egzamine fezabilite yon tinèl ki ap konekte Long Island ak Konte

Westchester oswa Connecticut. Ane sa, Gouvènè a te òdone ke Eta New York ta dwe kontinye pouswiv yon tinèl konsa, yon pwojè ke DOT te detèmine ki fezab kòm yon mwayen pou redwi sikilasyon sou Long Island Expressway ki anboutaye a.

### **Alimante Pòs Travay nan Enèji Pwòp yo**

Eta New York angaje nan devlope yon ekonomi enèji pwòp ki dinamik, ak kwasan travay nan endistri sa ki ap emèje an ki ap fleri atravè eta a - ak plis pase 150,000 moun New York ki ap travay nan endistri enèji pwòp lan. An 2014, Gouvènè a te lanse Refòm Vizyon Enèji an pou etabli yon nouvo rezo pou yon sistèm enèji ki pwòp, rezistan epi ki a pri abòdab pou tout moun New York. An 2016, Gouvènè a te etabli Estanda Enèji Pwòp lan, ki egzije pou 50 pousan nan sous elektrik New York yo soti nan sous enèji renouvlab yo apati 2030. Gouvènè a te sipòte tou kreyasyon yon Fon Enèji Pwòp 5 milya dola sou 10 ane ki te elabore pou favorize investisman sektè prive, alimante mache enèji pwòp yo epi bay ekonomi sou enèji atravè eta a. Fon an prevwa ekonomize moun New York yo 39 milya dola nan depans pou enèji yo sou 10 pwochèn ane yo pandan ke l'ap redwi drastikman emisyon gaz a efè sèr yo.

- **Ogmante Transmisyon Enèji Pwòp ak Enèji Renouvlab Atravè Investisman 200 Milyon Dola pou Atenn Sib 1,500 Megawat Estokaj Enèji San Presandan avan 2025 lan:** Pandan ke sous enèji renouvlab yo ap pwodwi yon pi gwo pati nan kantite elektrisite New York itilize a, New York dwe abòde tou pwoblèm entèmitans nan resous enèji pwòp yo tankou enèji ewolyèn ak solè yo ki pa toujou disponib an pèmanans. Pou kapab abòde defi enèjetik sa yo epi pouse devan objektif enèji pwòp ak klimatik New York yo, Gouvènè a ap lanse yon inisyativ pou deplwaye 1,500 megawat estokaj enèji - sa ki reprezante pi gwo angajman pa abitan nan nenpòt eta - apati 2025 epi anboche 30,000 moun New York nan endistri sa. Pou kapab akonpli objektif sa, Gouvènè Cuomo ap òdone ajans ak otorite eta yo pou yo travay ansanm pandan ane 2018 lan pou yo jenere yon seri pwojè estokaj atravè akizisyon sèvis piblik, pou fè vanse chanjman reglemantè yo nan nivo sèvis piblik yo ak mache enèji an gwo yo, pou enkòpore estokaj nan kritè pou akizisyon enèji renouvlab a gran echèl yo, epi redwi baryè reglemantè yo. Gouvènè a ap anonse tou yon angajman de omwen 200 milyon dola ki soti nan NY Green Bank pou investisman ki an rapò ak estokaj yo pou ede redwi depans yo, epi pou estratejikman deplwaye estokaj enèji yo kote rezo a plis bezwen li, Finalman, Gouvènè an tou ap òdone NYSERDA pou li investi omwen 60 milyon dola atravè aktivite ak pilòt estokaj yo pou redwi baryè kont deplwaman estokaj enèji yo.
- **Solisite Pwopozisyon pou Enèji Ewolyèn sou Zòn Kòt yo:** Pou kapab pozisyon New York kòm lidè nan mache enèji ewolyèn sou zòn kòt yo nan Etazini epi pou ankouraje konpetisyon, redwi depans yo epi kreye pòs travay nan endistri sa ki ap emèje an, Gouvènè Cuomo ap mande pou eta a fè acha omwen 800 megawat enèji ewolyèn sou zòn kòt yo ant de solisitasyon ki gen pou fèt an 2018 ak 2019, ki ap lakoz gen ase enèji pwòp, renouvlab, ki pou alimante 400,000 kay nan New York. Gouvènè a ap tou òdone NYSERDA pou yo investi 15 milyon dola nan devlopman

mendèw enèji pwòp ak avansman enfracstrikti pou fòme travayè yo pou pòs travay ki nan endistri sa, ki gen ladan konstriksyon enstalasyon, fonksyonman, antretyen, konsepsyon, ak enfracstrikti ki asosye ak enèji ewolyèn sou zòn kòt yo. Pou kapab atire investisman prive nan enfracstrikti pò ak aktivite apwovizyonman yo, Gouvènè Cuomo ap òdone NYSERDA tou pou yo travay ansanm ak Empire State Development ak lòt ajans Eta yo pou yo detèmine investisman piblik ak prive nan enfracstrikti pò pou enèji ewolyèn sou zòn kòt yo ki pi pwometè yo.

- **Prive Fon Komen New York lan de Investisman nan Konbistib Fosil yo:** Eta New York te deja pran mezi majè pou kapab redwi anprent kabòn li an epi redwi itilizasyon konbistib fosil yo kòm yon sous enèji, sepandan yo kontinye investi anpil Fon Komen New York lan nan konbistib fosil yo. Gouvènè an ap mandan Fon an pou li prive li de investisman konsiderab nan konbistib fosil yo, epi pou li mete bout nan tout investisman ki gen antite ki gen aktivite konsiderab ki an rapò ak konbistib fosil yo. An plis, Gouvènè pral travay ansanm ak Kontwolè Eta a pou kreye yon komite konsiltatif ki genyen ladan reprezantan finansye, ekonomik, syantifik, biznis ak mendèw yo kòm yon resous pou Fon Komen an ka devlope yon fèy de wout pou dekarbonizasyon, pou investi nan opòtinite pou konbat chanjman klimantik epi sipòte ekonomi enèji pwòp lan pandan ke y'ap evalye risk finansye yo epi pwoteje Fon an. Finalman, Gouvènè a mande Fon an pou li dedike yon pòsyon konsiderab nan pòtfèy Fon an pou investisman ki ap pwomouvwa dirèkteman enèji pwòp—ki fè sans sou plan ekonomik ak anviwònmanal.

## **YON NEW YORK KI PI PWÒP, PI EKOLOJIK, EPI PI AN SANTE: KALANDRIYE BYENNÈT LAN**

Eta New York te angaje nan elaji aksè a bon jan kalite swen sante epi ki a pri abòdab pou tout moun New York. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te pran yon apwòch olistik pou swen sante, nan pwomouvwa modèl lavi an sante yo, epi pran mezi pou asire yon anviwònman ki pwòp. Soti depi nan reyelabore Medicaid pou rive nan redwi pri yo epi amelyore swen yo pou akeyi Lwa sou Swen ki Abòdab lan epi anboche prèske yonn sou senk moun New York sou espas mache eta a, Gouvènè Cuomo te transfòme swen sante nan Eta New York. Ane sa, New York pral kontinye elaji aksè a bon jan kalite swen sante ki a pri abòdab pandan ke l'ap abòde defi sante majè yo ke kominote eta yo ap fè fas a yo jodi a.

- **Ranvèsè Epidemi Opyoyid lan:** Sou òdonans Gouvènè Cuomo, New York te pran mezi enteresan pou konfwonte efè lokal yon kriz adiksyon a opyoyid ki mòtèl nan tout nasyon an, ak ogmantasyon konsiderab nan kapasite tretman, sèvis sipò ki djanm yo, destwiksyon baryè kont aksè a bon jan kalite tretman yo, ak aktivite sansibilizasyon piblik ak edikasyon yo. Sepandan, malgre pwogrè sa, twòp moun New York kontinye soufri akòz adiksyon. Pou kapab abòde kriz sante piblik sa, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon plan global pou kapab jije konpayi famasetik yo responsab pou pèmanans epidemi an; ranfòse pwoteksyon kont adiksyon ki koze pa preskripsyon opyoyid yo; pran mezi pou kapab elimine baryè asirans yo pou tretman adiksyon ak sèvis rekiperasyon yo; òdone ajans eta yo pou

yo mete an aplikasyon refòm règlemantè ak politik yo ki ap ogmante aksè a sèvis pou twoub itilizasyon sibstans yo; epi fè vanse pwojè lwa ki pou ajoute 11 analòg fentanil nan Lis I nan lis sibstans ki kontwole yo nan Lwa sou Sante Piblik Eta New York (New York State Public Health Law) lan.

- **Ranfòse Tès Plon yo:** Limite ekspozisyon a plon sa enpòtan anpil pou sovgade sante ak sekirite timoun yo nan Eta New York. Gouvènè Cuomo ap òdone Depatman Sante Eta a, biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal) lan, ansanm ak lòt patnè eta yo pou yo devlope yon sistèm pou kapab asire ke tout otorite lojman ak tout pwopriyete kay prive yo nan eta a pwoteje timoun yo kont danje sa. Pwopozisyon sa rive apre revelasyon inakseptab Otorite Lojman Vil New York yo de echèk li pou li diminye penti ki gen plon yo epi enfòmè lokatè yo de danje a.

### **Elaji Aksè a Espas Lib yo**

Eta New York se lakay kèk nan resous natirèl ki pi eksepsyonèl nan nasyon an, epi Gouvènè Cuomo te kontinye demontre angajman li nan pwoteje epi amelyore aksè nan espas lib New York yo.

- **Fin Konplete Hudson River Park:** Anglobe plis pase 202 ekta tèren epi elaji sou 7 kilomèt wout sou tout Bò Lwès Manhattan lan, Hudson River Park se dezyèm pi gwo pak awondisman an apre Central Park. Sou Gouvènè Cuomo, Investisman eta a nan Hudson River Park te rete djanm, sa ki fasilite redevlopman Pier 26, Pier 57 ak reparasyon enfrastrikti kle yo apre domaj ki te koze pa Gwo Tanpèt Sandy, pami lòt pwojè enpòtan yo. Sepandan, malgre angajman sa yo pak lan toujou rete konplè a 77 pousan, epi delè inisyal 2005 ke yo te envizaje a pou achèvmman pak lan li pase depi lontan. Ane sa, Gouvènè Cuomo angaje nan akonpli vizyon papa li an ki ap mennen nan nasyon an. Gouvènè an pral travay ansanm ak vil lan pou fè investisman ki ajiste epi ki koresponn ki nesè pou fin fè travay la. An plis, Eta a pral kontinye fasilite patenarya piblik-prive yo, pandan ke l'ap asire ke Plan Jesyon Estyè a fin konplete epi ke yo pwoteje sanktyè marin lan.

### **Pwoteje Dlo Pwòp Nou yo**

Depi lè ke li te rantre an fonksyon, Gouvènè Cuomo te pran mezi agresif pou kapab pwoteje epi prezève dlo potab pwòp yo nan New York, pou asire ke jenerasyon aktyèl ak fiti moun New York yo gen aksè a dlo ki pwòp. An 2016, Gouvènè a te lanse Ekip Repons Rapid pou Kalite Dlo yo ki pou idantifye rapidman epi abòde pwoblèm kalite dlo potab yo atravè eta a, epi an 2017, Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp lan (Clean Water Infrastructure Act) - yon investisman 2.5 milya dola nan enfrastrikti dlo potab yo ak pwoteksyon kalite dlo yo atravè New York. An plis, Gouvènè a te adopte Lwa 2015 sou Amenajman Enfrastrikti Dlo yo pou 400 milyon dola, ki te garanti yon investisman rekò 300 milyon dola pou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la, epi bay 11 milya dola nan finansman pou Fon Renouvlab Dlo Potab ak Dlo Pwòp Eta a.

- **Konfinman pa Mwayen Rapid ak Tretman Panach Grumman lan:** Nan Konte Nassau, pratik endistriyèl yo nan Kò Naval Etazini an ak etablisman Northrop Grumman Aerospace Bethpage yo ki nan Komin Oyster Bay yo te kite yon eritaj polisyon sou fòm yon panach masif dlo anba tè ki kontamine ki te afekte kominote ki alantou yo depi ane 1930 yo. Sou òdonans Gouvènè an, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la te lanse yon ankèt enjenyeri pou evalye opsyon netwayaj akselere yo, ki gen ladan konfinman konplè panach la, pou yo ka asire ke kontaminasyon an pa menase plis pyi dlo potab adisyonèl. Ane sa, Eta a pral fè konstwiksyon pa mwayen rapid yon nouvo sistèm pyi dlo modèn ki kapab kenbe epi trete panach kontaminasyon an epi pwoteje kalite dlo potab Long Island yo, epi li pral itilize tout zouti legal yo ke li gen a dispozisyon li yo pou jije Kò Naval Etazini an ak Northrop Grumman responsab pou konstwiksyon ak operasyon sistèm konfinman ak tretman an.
- **Rele Lajistis EPA pou Li Fin Konplete Netwayaj Rivyè Hudson lan:** Gouvènè Cuomo an patenarya ak Avoka Jeneral la Schneiderman, te angaje yo pou imedyatman pran mezi ki nesese yo pou rele lajistis EPA si ajans lan aksepte netwayaj bifenil poliklorat yo nan Pati Wo Rivyè Hudson lan kòm konplete. Devan enfòmasyon ak evidans akablan yo ki montre ke tretman an pa pwoteje sante moun yo ak anviwònman an, desizyon EPA a pou sètifye ke asenisman PCB pou Pati Wo Rivyè Hudson lan li konplete li endefandab. Pliske EPA kontinye refize pran responsabilite li, Gouvènè Cuomo pral batay pou pwoteje rivyè a ansanm ak kominote ki alantou yo. New York pare tou pou li retire kò li nan Rejis Desizyon 2002 an, ki te siyen sou yon administrasyon anvan sa, ki te gide netwayaj ak retrè plizyè milyon tòn sediman ki te kontamine ak PBC nan Pati Wo Rivyè Hudson lan.
- **Atake Flè Alg ki Danjere yo ki nan Dlo New York yo:** Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, eta a te pran mezi global pou kapab abòde menas flè alg danjere ki ap ogmante nan kouch dlo New York yo. Ane sa, Gouvènè a pral mete sou pye yon inisyativ pou 65 milyon dola pou kapab konbat agresivman flè alg ki danjere yo ki nan Rejyon Nò New York, konsantre sou 12 lak priyorite ki espesyalman vilnerab pou flè alg ki danjere yo.
- **Egzije Aksyon Korektif Akselere nan Etablisman Tretman Dlo Ize Niagara Falls lan:** Apre deklanchman vizib dechaj dlo nwa ki soti nan Etablisman Tretman Dlo Ize Niagara Falls lan, Gouvènè Cuomo te òdone Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a pou li jije Komite Dlo Niagara Falls lan responsab, epi pou pran mezi pou kapab pwoteje kalite dlo yo nan atraksyon touristik ikonik sa. Pou kapab asire ke yo rezoud pwoblèm etablisman dlo ize Niagara Falls lan yon fason global, Gouvènè Cuomo pral investi plis pase 20 milyon dola pou lanse Premye Faz restriktirasyon sistèm dlo ize a pou fin konplete enfrastrikti global ak amelyorasyon onivo operasyonèl yo nan Etablisman Tretman Dlo Ize Niagara Falls lan. Pwopozisyon Gouvènè a ofri tou 500,000 dola pou akselere de etid enjenyeri pou kapab evalye alafwa dechaj izin lan yo ak sistèm tretman yo, ke nouvo òdonans pa konsantman ki fèt ak Komite Dlo Niagara Falls la egzije.



## **DIRIJE BATAY KONT CHANJMAN KLIMATIK YO**

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te reyisi etabli kèk nan politik sou chanjman klimatik yo ki pi djanm epi pi agresif nan nasyon an. Soti depi nan Refòm Vizyon Enèji an pou rive nan etablisman objektif rediksyon emisyon gaz a efè sèr yo ki vize 40 pousan apati 2030 epi 80 pousan apati 2050, New York ap mennen nan batay la kont chanjman klimatik yo. An Jen 2017, Gouvènè Cuomo te fòme Alyans Klima Etazini an (U.S. Climate Alliance) avèk Gouvènè California ak Gouvènè Eta Washington lan pou asire ke lòt patnè ki vle yo atravè peyi a yo kontinye atenn oswa depase objektif Akò Paris an yo sou chanjman klimatik yo. Pandan ke gouvènman federal la refize pran responsab li sou chanjman klimatik yo, Eta New York pral kontinye leve kanpe pou pwoteje anviwònman nou, sante nou, ak avni pitit nou yo.

- **Agrandi Inisyativ Gaz a Efè Sèr Onivo Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) epi Redwi Degajman yo nan Fason Ekitab soti nan Santral Elektrik ki pi Gran Polyan, “ki nan Kote ki Gen Plis Demann yo”:** An 2013, Gouvènè Cuomo te dirije eta Inisyativ Gaz A Efè Sèr Rejyonal (RGGI) yo nan kad rediksyon limit emisyon gaz a efè sèr yo (GHG) ki soti nan santral elektrik yo de 50 pousan apati 2020. An out 2017 la, lòt eta RGGI yo te dakò ak apèl Gouvènè Cuomo te fè nan Diskou Eta Leta 2017 li a pou yo redwi limit lan 30 pousan deplis avan 2030. An plis, Gouvènè Cuomo te angaje nan mete bout nan itilizasyon chabon nan santral elektrik yo apati 2020. An 2018, Gouvènè Cuomo pral travay ansanm ak lòt eta RGGI yo ak nouvo patnè potansyèl yo ki nan Virginia ak New Jersey, pou asire yon tranzisyon san pwoblèm a yon mache gaz a efè sèr ki koute mwens chè epi ki pi laj, ki ap kenbe rediksyon polisyon klimatik anbisye inisyativ la yo. Depatman Konsèvasyon Anviwònman la pral antreprann tou yon elaborasyon règleman an 2018 pou yo reyalize limit rediksyon 30 pousan ki te anonse pa eta RGGI yo nan mwa Dawout 2017, ki gen ladan revizyon pou ranfòse RGGI lè yo regwoupe ansanm epi nan konsa kouvri pi gwo inite yo ki ap kolektivman depase kapasite limit 25 megawat RGGI an. Ane sa, DEC pral pwopoze refòm konplèman pou kapab redwi emisyon polyan k’ap fòme lafimen ki soti nan pi gwo inite yo epi li pral adopte règleman ki ap mete fen nan itilizasyon chabon nan santral elektrik ki nan eta yo apati 2020.
- **Rekonvoke Komite Konsiltatif Syantifik sou Chanjman Klimatik Gouvènman Federal la te Demantle a:** Aprè gouvènman federal la te anonse y ap kite Akò Pari a, yo te pran yon lòt mezi malavize ankò lè yo te kraze Komite Konsiltatif Federal pou Mentni Evalyasyon Klima Onivo Nasyonal la (Federal Advisory Committee for the Sustained National Climate Assessment), ki se yon gwoup syantifik lidè ak pati konsène ki gen misyon pou yo bay gouvènman federal la rekòmandasyon pou sipòte gouvènman eta ak lokal yo, kominote yo, ak sektè prive a nan kad planifikasyon pou efè chanjman klimatik yo. Se poutèt sa, Gouvènè Cuomo, antanke Koprezidan Alyans Klima Etazini an epi an kolaborasyon ak patnè yo, pral rekonvoke Komite Konsiltatif la pou yo devlope rekòmandasyon pou navige defi chanjman klimatik yo. Kòm konsekans, Komite Konsiltatif la pral kontinye travay enpòtan li t ap fè a san

entèferans politik epi l ap bay gid yo bezwen pou adape a yon klima k ap chanje.

- **Lanse ‘Resilient NY’ pou Ranfòse Drastikman Rezistans Kominote a Fas a Kondisyon Metewo Ekstrèm yo:** Apre plizyè douzèn evènman metewo ekstrèm ki te rive nan Eta New York, Gouvènè Cuomo te pran mezi agresif epi pwogresis pou asire ke kominote yo ki afekte pa kondisyon metewo ekstrèm yo kapab non sèlman rekipere, men tou rekonstwi pi byen ke anvan. Ane sa, Gouvènè a ap pwopoze devlope yon pwogram global ki pou adapte epi prepare pou kondisyon metewo ekstrèm yo ki asosye ak chanjman klimatik yo. Plan sa pral abòde liy gid rezistans yo epi li pral bay sipò finansye eta a pou plan rezistans lokal modèn yo pou ede pwoteje kominote yo kont inondasyon.
- **Investi Prèske 130 Milyon Dola nan Pwosesis Rezolisyon Volkswagen lan nan Pwojè Transpò Pwòp yo:** Sou òdonans Gouvènè Cuomo, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la ap travay ansanm ak lòt ajans eta yo ak pati prenan yo pou kapab devlope yon plan pou investi 127.7 milyon dola ki disponib pou New York ki soti nan rezolisyon pou vyolasyon Volkswagen de Lwa sou Lè Pwòp lan (Clean Air Act). Tout kategori investisman yo pral priyore ranplasman veyikil dyezèl yo pa veyikil elektrik ki pa emèt gaz kabonik yo, sa ki ap estimile transfòmasyon pou ale nan yon sistèm transpò ki pa gen anpil kabòn. Ak plan estratejik, global sa, Eta New York pral chèche investi tout fon rezolisyon Volkswagen yo sou twa pwochen ane yo.

## **FÈ VANSE KALANDRIYE DEMOKRASI A**

### **Pwoteje Entegrite Eleksyon Nou yo**

Jan yo te pwouve sa nan eleksyon 2016 lan, rezo sosyal yo se yon zouti ke yo itilize anpil pou mete epi gade piblisite politik yo, sepandan piblisite politik sou platfòm sosyal yo pa regularize nan menm fason ak piblisite ki sou platfòm medya tradisyonèl yo. Sa te kreye nouvèl opòtinite pou aktè san eskripil yo ak pètibatè yo kapab enfluyanse pwosesis politik nou an yon fason ki pa apwopriye. Ane sa, Gouvènè Cuomo ap pwopoze politik ki pi djanm epi pi global lan pou kapab asire ke eleksyon yo nan Eta New York rete jis epi transparan, epi ke piblisite politik sou entènèt yo nan achiv pou tout moun wè.

- **Ogmante Transparans nan Piblisite Politik Dijital yo:** Pou kapab asire jistis ak transparans eleksyon New York yo, Gouvènè Cuomo ap prezante yon estrateji sou twa fasèt pou:
- **Elaji definisyon kominikasyon politik Eta New York lan pou enkli piblisite dijital ak entènèt ki peye yo:** Pwopozisyon sa pral mete ajou definisyon “kominikasyon politik” lan pou enkli piblisite dijital ak entènèt ki peye yo, epi egzije pou tout konpayi piblisite yo enkli yon divilgasyon nan piblisite ki an rapò ak eleksyon yo tankou “peye pa”.
- **Egzije platfòm dijital yo pou yo mentni yon dosye piblik sou tout piblisite politik yo ki te achte pa yon moun oswa gwoup pou piblikasyon sou platfòm nan:** Gouvènè Cuomo ap pwopoze egzije

plafòm dijital yo pou mentni yon dosye piblik sou tout kominikasyon politik ki te achte pa yon moun oswa gwoup sou plafòm yo ki an rapò ak eleksyon Eta New York yo. Dosye a pral genyen yon kopi dijital piblisite a, yon deskripsyon odyans piblisite a vize an, kantite vizyonaj ke li jenere, dat ak tan piblikasyon yo, montan pri yo faktire yo, ak enfòmasyon kontak achtè a. Achiv sa pral asire ke piblisite politik yo pa disparèt epi ke yo kapab wè yo, epi kapab verifye sa ki di yo, pa yon gwo pòsyon nan elektora a.

- **Egzije plafòm sou entènèt yo pou yo fè efò rezonab pou asire ke antite ak moun etranje yo p'ap achte piblisite politik yo pou kapab enfluyans elektora Ameriken an:** Gouvènè Cuomo ap pwopoze amande lwa eta a pou ke yo enkli piblisite dijital oswa entènèt ki peye yo nan definisyon kominikasyon politik yo. Sa pral ede asire ke antite etranje yo pa kapab achte an kachèt epi distribye komèsyalizasyon politik yo ki an rapò ak eleksyon eta yo atravè rezo sosyo yo oswa lòt mwayen yo. Sou nouvèl lwa a, achtè piblisite dijital yo pral gen egzijans pou anrejistre kòm komite depans endepandan, menm jan yo ta dwe fè si yo t'ap achte tan nan televizyon. Antite etranje yo pral gen entèdiksyon pou fòme yon komite endepandan, epi kòm yon rezilta, yo pral enkapab achte epi pibliye piblisite politik sou entènèt. Vyolasyon kondisyon sa yo pral sijè a yon sanksyon sivil pou jiska 1,000 dola pou chak enstans.
- **Etabli Vòt Antisipe:** Aktyèlman, New York se youn nan 13 eta sèlman kote vòt antisipe pa disponib epi yo egzije yon eskiz pou mande yon bilten vòt pa pwokirasyon. Pou kapab fè li vin pi fasil pou moun New York yo kapab vote, Gouvènè Cuomo ap pwopoze etablisman vòt antisipe nan eta a, ki ap mande chak konte pou ofri abitan yo aksè a omwen yon espas gichè vòt antisipe pandan 12 jou anvan Jou Eleksyon an. Konte yo dwe genyen yon espas gichè vòt antisipe pou chak 50,000 abitan, epi elektè yo pral gen omwen ywit èdtan nan jou semèn yo ak senk èdtan nan wikenn yo pou yo depeze bilten vòt yo.
- **Adopte Anrejistremant Otomatik Elektè yo:** Pou kapab modènize pwosesis anrejistremant elektè an, Gouvènè Cuomo ap pwopoze adopsyon yon sistèm ki ap reyalize anrejistremant otomatik elektè yo, òganize sèvis eta yo nan voye enfòmasyon elektè yo otomatikman soti dirèkteman nan ajans ki konsène yo pou ale jwenn Konsèy Elektoral Konte (County Board of Elections) yo.
- **Pèmèt Anrejistremant nan Menm Jou pou Elektè yo:** Aktyèlman, New York pa pèmèt elektè yo anrejistre pou vote nan Jou Eleksyon an. Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou pèmèt moun New York yo anrejistre epi vote nan menm jou a pou ke delè anrejistremant penib yo pa anpeche moun New York yo gen opòtinite pou yo patisipe nan pwosesis elektoral la.
- **Ranfòse Rezistans Sekirite Enfòmasyon pou Eleksyon yo Toupatou nan Eta a epi Defann Kont Pètibasyon Eleksyon yo:** Ane sa, Gouvènè a ap pwopoze pran mezi pou kapab sekirize demokrasi nou an atravè mezi entelijan pou pwoteje eleksyon eta yo:

- **Kreye Sant Sipò pou Eleksyon:** Sa pral bay ekspètiz teknik ak fòmasyon ki pou asiste tou Komite Elektoral Eta a nan devlopman règleman pou ranfò enfrastrikti sekirite enfòmasyon pou eleksyon yo; fòmasyon manm Komite Elektoral konte a nan pi bon pratik sekirite enfòmasyon yo; epi asire ke entelijans sou menas pètinan yo distribiye rapidman bay pati prenan lokal yo.
- **Kreye epi Deplwaye Twouso Sipò Sekirite Enfòmasyon Eleksyon yo:** Twouso an gen ladan yon nouvo seri zouti rediksyon menas pou kapab asire sekirite eleksyon yo nan eta a ak nivo lokal yo. Sa pral enkli sèvis materyèl ak pwogram enfòmasyon ki ap sipèvize rezo ak koneksyon yo, defans Sèvis Refi ki Distribiye yo, ak pwogram enfòmasyon pou detekte chanjman yo pou kapab asire ke yo te kataloge epi sipèvize tout chanjman ki te fèt nan baz done elektè yo, epi ke yo idantifye, ankete epi korije tout entèripsyon yo nan yon delè rapid.

### **Ogmante Transparans epi Kontinye ak Refòm Etik yo**

Depi premye jou li nan fonksyon an, Gouvènè Cuomo te batay agresivman pou refòm etik global yo. Defans Gouvènè Cuomo a te kòmanse ak Lwa sou Refòm Entegrite Piblik 2011 lan (Public Integrity Reform Act of 2011) pou ogmante transparans ak responsabite atravè gouvènman Eta a. Efo entreprid Gouvènè an yo te atenn somè yo ak yon akò istorik an 2016 ak Kò Lejislatif lan pou fè vanse pi plis refòm eleksyon enpòtan yo, negosyasyon, ak ranfòsman yo. Ane sa, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon apwòch ki gen de branch pou refòm etik ak bon gouvènman yo. Pwopozisyon li yo pral reyitere nesosite pèmanan pou abòde pwoblèm ki pa rezoud yo, klere limyè sou pwosesis politik nou yo ak sila yo ki finansè aspè li yo, epi yo pral idantifye tou nouvel solisyon pou kapab rekonstwi kwayans ak konfyans ke moun New York ta dwe genyen nan prezantan eli li yo.

- **Fè Vanse Yon Amandman Konstitisyonèl Ki Limite Revni Ekstèn yo epi Kreye yon Kò Lejislatif A Tan Konplè:** Estrikti tan pasyèl legislati a pèmèt pwofesyonèl ki gen yon antesedan ak eksperyans varye mete tèt yo osèvis popilasyon an. Poutan yo te soulve enkyetid konsènan konfli denterè potansyèl ki ka parèt nan revni lejislasyon yo touche nan lòt anlwa. Pou kapab atenn bon ekilib lan ant sèvis piblik ak inisyativ prive yo, Gouvènè ap pwopoze yon amandman konstitisyonèl pou yo soumèt devan elektè yo ki ta pral limite revni ekstèn yo pou lejislasyon yo a 15 pousan salè bazik yo. Limit 15 pousan sa a se menm ak limit gouvènman federal nou an plase sou revni eksteryè lejislasyon federal yo.
- **Fè Vanse yon Amandman Konstitisyonèl ki Enpoze Limit Manda pou Ofisyèl Eli yo:** Limit manda aktyèl la egzije manm lejislasyon a yo pou yo poze kandida pou reyeleksyon chak dezan, poutan pa gen limit sou konbyen manda yo ka genyen. Gouvènè a pwopoze yon amandman konstitisyonèl pou kreye manda lejislasyon 4 ane pou manm Sena ak Asanble a yo. Amandman konstitisyonèl li pwopoze a pral enpoze yon limit uit manda pou nouvo manm yo, epi enpoze yon limit manda pou tout fonksyonèl atravè tout eta yo.
- **Egzije Manm Kò Lejislatif yo Ki Ap Chèche Revni Ekstèn yo pou yo Resevwa yon Opinyon Konsiltatif Avan yo Touche Revni Ekstèn yo:**

Aktyèlman, lejislatè yo ka touche revni nan men antrepriz prive san yo pa gen egzijans pou yo resevwa okenn analiz oswa apwobasyon konsènan si wi ou non revni ekstèn sa prezante yon konfli enterè avèk fonksyon yo anvwè popilasyon an. Konsa, Gouvènè a ap pwopoze pwojè lwa ki ta pral egzije pou tout lejislatè yo chèche yon opinyon konsiltatif nan men komisyon etik lejislatif la avan yo touche revni ekstèn yo. Pou kapab sipòte pi plis nan refleksyon ak diskisyon yo konsènan revni ekstèn ak konfli enterè yo, epi ranfòse konfyans popilasyon an nan pwosesis la, yo pral chwazi yon moun nan Biwo Administrasyon Jidisyè a pou sèvi nan komisyon an. Lè yo egzamine konpansasyon ki soti nan aktivite andeyò eta yo sou yon baz endividyèl, chak ka apa, mezi sa a pral ede gide reprezantan eli nou yo, anpeche konfli denterè, epi ogmante konfyans popilasyon nan tout fonksyonè eli yo.

- **Elimine Echapatwa LLC a:** Pou prezève eleksyon ouvèt, lib, ak jis ki pa kaptire enterè popilasyon rich yo sèlman, lwa eta limite valè lajan kòporasyon oswa patikilye yo alafwa ka fè don dirèkteman bay kandida eta yo. Toutfwa, akòz yon anomali ki nan fason yo entèprete lwa eleksyon aktyèl la, patikilye ak kòporasyon ki rich yo ka itilize Sosyete ki gen Responsabilite Limite yo (“LLC”) pou evite respekte limit don pou kanpay New York la yo. “Nich Fiskal LLC” a nan lwa sou finansman kanpay la te pèmèt enterè patikilye yo elide ni limit kontribisyon yo ni egzijans divilgasyon yo. Gouvènè a ap pwopoze fèmen echapatwa LLC a pou tout ofisyèl eli yo. Se responsabilite nou pou nou inifòmize règ jwèt la pou ke moun New York ki rich menm jan ak sa ki pòv yo fè tandè vwa yo nan pwosesis politik nou an.
- **Soumèt Fonksyonè Eli Lokal yo a Egzijans Divilgasyon Finansyè yo:** Gouvènè a ap pwopoze pou nenpòt fonksyonè eli lokal ki touche plis pase 50,000 dola pa ane nan yon salè gouvènman, ansanm ak tout Chèf Egzekitif Konte yo, Direktè Konte yo, ak tout Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte yo pou yo ranpli menm fòmilè deklarasyon divilgasyon finansyè yo ke anplwaye eta yo ranpli nan Komisyon Konjwen sou Etik Piblik lan, oswa yon fòmilè ki similè pou eta a apwouve. Sa vle di anplwaye minisipal yo pral founi menm enfòmasyon nan deklarasyon divilgasyon finansyè yo a yo ak anplwaye eta yo, ki gen ladan revni konjwen oswa patnè entim li. Sunlight, nan ka sa a, ale pi lwen anvwè etap pou asire popilasyon moun yo fè konfyans pou sèvi nan gouvènman yo ranpli devwa yo anvwè popilasyon an.
- **Etabli Finansman Piblik epi Adopte Refòm Finansman Kanpay Adisyonèl yo:** Chak jou, Nouyòkè òdinè yo ap goumen pou fè nou tandè vwa yo nan sistèm politik nou an. Kèlkeswa pwoblèm lan, kandida yo jwenn ankourajman pou yo konsantre yo sou pi gwo don olye de ti don yo. Yon sèl fason pou vrèman rezoud pwoblèm lan se pou etabli yon sistèm finansman piblik pou kanpay politik yo ki egale fon yo resevwa atravè ti don yo. Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou fè jis sa a lè li etabli yon sistèm finansman piblik volontè ki ap fè koresponn ti don yo avèk fon piblik yo. New York kontinye pèmèt moun ak antrepriz yo bay kontribisyon san limit pou kont “tach woutin” pati politik yo tou. Yo konsepsyone kont sa yo pou sipòte aktivite pati politik yo ki pa gen rapò ak kanpay, men yo founi pito lòt mekanis pou gwo donatè yo gen enpak sou kanpay politik yo. New

York toujou pèmèt kanpay entèmedyè tou, yo rele sa a “bundler” (Kolektè fon pou pati politik yo) pou fè pase gwo gwoupman kontribisyon patikilye pou yon sèl kanpay san divilge idantite “bundler” a. Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou abòde toulède pwoblèm yo nan etabli yon limit kontribisyon 25,000 dola sou kont menajè yo epi egzije pou tout “bundlers” yo devwale idantite yo.

- **Pwomouvwa Transparans ki Ogmante atravè Refòm Global nan FOIL yo:** Lwa Enfòmasyon sou Libète New York (New York Freedom of Information Law, FOIL) la gouvènè dwa piblik la pou l gen aksè nan dosye gouvènman yo ak bay transparans pou sitwayen kap travay nan gouvènman eta a. Gouvènè a ap pwopoze yon refòm global FOIL pou amelyore transparans epi pwomouvwa franchiz nan gouvènman eta a, ki gen ladan egzije divilgasyon pwoyaktrif sèten dosye. Men transparans pa ka sèlman limite a pouvwa Egzekitif la sèlman —tout moun dwe sijè a menm estanda. An konsekans, Gouvènè a ap pwopoze pou FOIL aplike menm jan a Kò Lejislatif la. An plis, Gouvènè a ap pwopoze pou yo aplike alafwa FOIL ak Lwa sou Reyinyon Piblik (Open Meetings Law) eta yo pou alafwa JCOPE ansanm avèk Komisyon Etik Lejislatif la pou garanti plis transparans, responsabilite, epi ogmante konfyans popilasyon an nan tout aspè gouvènman eta a.
- **Elaji Otorite Enspektè Jeneral Eta a:** Gouvènè a ap pwopoze ogmante jiridiksyon Enspektè Jeneral la pou enkli sipèvizyon òganizasyon ak fondasyon ki san bi likratif yo ki kreye pou benefis, oswa ki kontwòle pa SUNY oswa CUNY. Enspektè Jeneral la pral gen otorizasyon pou l envestige plent kòripsyon, fwòd, aktivite kriminel, konfli denterè, oswa abi anndan chak inivèsite yo ak asosye yo, epi refere rezilta krim potansyèl yo jwenn anndan antite sa yo pou pouswit jidisyè. Gouvènè a ap pwopoze tou pou elaji otorite Enspektè Jeneral la pou li enkli tout akizisyon ki konsène eta a epi mete an aplikasyon ak fè respekte politik sou kontwòl finansyè yo nan SUNY ak CUNY. Sa a pral pèmèt Enspektè Jeneral la sipèvize politik tout òganizasyon asosye san bi likratif ak tout fondasyon yo ki nan chak inivèsite respektif yo.
- **Pwomilge Refòm sou Akizisyon yo:** Malgre pwoteksyon legal ki la deja yo, konfli denterè ak kondwit ilegal kapab mete enpasyalite ak objektivite pwosesis akizisyon aktyèl la an danje. Risk sa vin pi elve ankò akoz gwo montan lajan ajans piblik eta ak lokal yo ap depanse, sa ki depase plis pase anpil dizèn milya dola chak ane. Gouvènè a ap pwopoze kreyasyon yon Ofisye Akizisyon an Chèf pou sipèvize entegrite ak inifòmite pratik akizisyon yo atravè eta a, epi asire ke pèsonèl akizisyon eta a yo prepare epi an pozisyon pou yo fè akizisyon yo nan yon fason efikas ak etik. Pou atenn objektif sa yo, Ofisye Akizisyon an Chèf lan pral dirije yon revizyon global sou pratik akizyon aktyèl yo atravè tout antite eta yo ak asosye ki konsène yo, nan entansyon pou kapab etabli pi bon pratik yo, epi mete an plas politik ak pwosedi ki inifòm yo. An plis, Gouvènè a ap pwopoze nouvo mezi ki pral entèdi moun yo, òganizasyon yo, oswa antite biznis yo ki soumèt òf nan anchè yo, estimasyon, oswa repons yo pou kontra eta ofri yo, fè kontribisyon kanpay pou okenn titilè ki okipe fonksyon nan branch gouvènman k’ap bay kontra pandan desizyon an poko pran, epi pandan sis mwa apre ke yo te bay kontra a. Finalman, dapre pratik aktyèl yo,

Office of the State Comptroller (Biwo Kontwolè Eta a), Office of the Attorney General (Biwo Pwokirè Jeneral la), ak Office of General Services (Biwo Sèvis Jeneral yo) swa yo mennen revizyon, odit, oswa yo trete peyman vandè kontra ak/oswa benefisyè yo ki gen plizyè pwojè avèk eta yo. Toutfwa, yo manke yon sèl sistèm ki pou kontwole peman ak odit antite sa yo, epi yo pa rive kowòdone efò yo sou yon baz regilye. Sa ta dwe chanje. Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon ki pral òdone antite sa yo, ansanm ak Ofisye Akizisyon an Chèf lan ak Biwo sou Teknoloji Enfòmasyon yo, pou yo kolabore sou yon etid epi fè rekòmandasyon konsènan inisyativ ki pou pèmèt popilasyon an pi byen kontwole kontra ak odit eta yo.

## **KONSTWI YON NEW YORK KI PI DJANM, PI SEKIRIZE**

Gouvènè Cuomo te konstaman pran mezi desizif pou kapab asire sekirite piblik pou tout moun New York. Ane pase sa, moun New York te fè fas a konsekans devastatè akòz kondisyon metewo ekstrèm yo, epi ekip repons ijans New York lan te elaji depase fwontyè nou yo pou sipòte vwazen nou yo. Ane sa, Gouvènè a ap pwopoze yon pake sekirite piblik ki pral ajoute sou eritaj Gouvènè an nan batay pou sekirite tout moun New York yo.

- **Etabli Pwogram Kont Teworis Ki Pi Djanm nan Nasyon an:** Gouvènè Cuomo te pran mezi konsiderab pou konbat teworis epi kenbe moun New York yo sekirize kont nouvo menas yo ak sa ki ap emèje yo. An 2015, li te lanse kanpay “See Something, Say Something” lan, ki ap fè New York vin sèl eta ki gen kapasite pou rapòte konpòtman anòmal apati mesaj tèks yo. An 2016, Gouvènè a te òdone Biwo Kont Teworis nan Eta a pou li teste plis pase 600 biznis chak ane pou kapab detèmine si ak kijan òganizasyon sa rapòte aktivite ki sispèk yo. An repons a nouvo menas yo ak sa ki ap evolye yo, Gouvènè a te resamman anonse yon patenarya ak ekspè kont teworis ki renome yo pou kapab revize sekirite eta yo epi fè rekòmandasyon pou amelyorasyon. Rekòmandasyon sa yo pral ede Eta New York etabli pwogram kont teworis ki pi djanm nan nasyon an, sa ki ap pèmèt eta a prepare pi byen pou reponn a menas modèn ki poze pa teworis yo. An plis, yo pral fè rekòmandasyon pou kapab pwoteje pi byen pon, tinèl, tren, bis ak ayewopò nou yo, menm jan ak santral transpò nou yo ki nan Penn Station ak Grand Central Station. Pandan yon peryòd tanporè, Gouvènè Cuomo ap pran mezi pou kapab redwi kapasite teworis yo epi fè li vin pi fasil pou moun New York yo rapòte aktivite ki sispèk yo, Mezi sa yo pral amelyore sekirite atravè eta a epi ranfòse politik, pwosedi, ak taktik kont teworis yo. Gouvènè Cuomo pral pran mezi adisyonèl pou kapab sekirize eta a pi plis, ki enkli:
  - **Elaji Règleman sou Alokasyon Veyikil yo:** Gouvènè Cuomo pral fè vanse pwojè ki pou egzije nenpòt moun ki ap eseye lwe yon veyikil ki gen yon gwo nivo pwa veyikil de plis pase 10,000 liv pou prezante yon lisans chofè ki valid, ak yon pyès idantifikasyon adisyonèl bay konpayi an pou kapab jwenn kle yo. Sa pral asire ke moun ki ap eseye lwe yon veyikil yo se reyèlman moun ke yo di yo

ye a, epi sa pral edeanpeche nenpòt desepsyon ke yo eseye fè pou kache idantite yon lokatè pou objektif malonèt yo.

- **Lanse yon Liy Konsèy pou Teworis:** Pou ajoute sou kanpay “See Something, Say Something” lan, New York pral travay ansanm ak Komisyon Sèvis Piblik lan pou etabli yon liy konsèy twa chif ki se premye nan modèl sa ki dedike a rapò menas teworis yo ak aktivite ki sispèk yo. Liy twa chif sa pral fè li vin pi fasil pou moun New York yo raple yo de evènman yo te temwen an, epi ankouraje plis rapò pou anpeche yon zak teworis potansyèl.
- **Devlope yon Sistèm Repons Sekirite nan Lekòl yo pou Asire ke Premye Reskous yo Gen Aksè an Tan Reyèl a Plan Global Chak Lekòl ki nan Eta New York:** Gouvènè Cuomo te pran chaj lan pou pwoteje moun New York yo kont vyolans ak zam yo ak zak tèrib yo. Apre fiziyad trajik ki te fèt nan lekòl Sandy Hook Elementary School lan an 2012, Gouvènè a te defann pwojè lwa sou zam ki pi di epi ki pi entelijan nan nasyon an, epi li te pouse pou ranfòse mezi sekirite yo atravè eta a. Ane sa, pa egzanp, Gouvènè a te anonse yon pwogram sibvansyon 25 milyon dola pou rafèmisman ki enpòtan anpil pou enfrastrikti pou òganizasyon san bi likratif yo, lekòl ki pa piblik yo, sant swen pandan jounen yo, ak sant kiltirèl yo pou kapab ogmante sekirite, epi ane pase a, Gouvènè a te bay ajans fòs lapolis lokal yo 10 milyon dola pou acha ekipman pou amelyore sekirite ofisye lapolis yo ak kapasite repons yo. Malgre sa, menas vyolans an mas ak fiziyad yo kontinye toumanpe peyi an. Nan ane ki ap vini an, Eta a pral eksplòre nouvell opsyon teknoloji yo pou yon sistèm repons sekirite pou lekòl yo ki kapab enkli “ ekip ble ” an tan reyèl ki ap kontwole ak GPS ak liy komunikasyon dirèk pou tout pèsonèl repons yo. Eta a pral asire tou ke tout lekòl ki nan Eta New York yo enskri sou kat alafwa sou plan entèn ak plan ekstèn pou ke premye reskous yo kapab antre ak pi gwo sètitud kote yo pral yo, kote menas yo egziste, ak kote viktim yo ka petèt ap kache. Enfòmasyon sa pral pèmèt yo opere alantou nouvo lokal ak sa ki pa familye yo ak sètitud ak vitès pou kapab rapidman sove plis lavi posib.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418